РУССКО-ОСЕТИНСКО-АНГЛИЙСКИЙ


КАРТИННЫЙ ТОЛКОВЫЙ СЛОВАРЬ НАЗВАНИЙ РАСТЕНИЙ



Составитель
Лидия Даурбековна Саламова

Переводчики:
Таймураз Азийханович Тамаев *(дигорский)*
Алина Шотаевна Цавкаева *(английский)*

Рекомендовано
Министерством образования и науки
Республики Северная Осетия-Алания



Владикавказ
2012

28.6я21
Р–89



Работа подготовлена в рамках проекта «Теория и практика полилингвального образования на Кавказе» кафедры Юнеско Северо-Осетинского государственного педагогического института.

Руководитель проекта – **Т. Т. Камболов**

Научный редактор: доктор филологических наук, профессор **Т. Т. Камболов**

Рецензенты: доктор филологических наук **Л. Б. Гацалова,**
кандидат педагогических наук **И. Г. Агузарова,**
старший преподаватель осетинского языка и литературы
СО РИПКРО **Э. З. Дзтиева**

ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

Саламова Л. Д.
Р–89 Русско-осетинско-английский картинный толковый словарь названий растений. [Текст] / составитель Л. Д. Саламова; пер. на дигор. яз. Т. А. Томаев, пер. на англ. яз. А. Ш. Цавкаева; Сев.-Осет. гос. пед. ин-т; Кафедра ЮНЕСКО – Владикавказ: СЕМ, 2012. – 176 с. ил.

ISBN 978-5-905179-27-3

В данном словаре даются толкования названий растений на русском, осетинском (в двух его вариантах – иронском и дигорском) и английском языках.

Книга адресована школьникам, учителям, студентам, а также широкому кругу читателей.

28.6я21

ISBN 978-5-905179-27-3

ОТ НАУЧНОГО РЕДАКТОРА

«Русско-осетинско-английский картинный толковый словарь названий растений» Л. Д. Саламовой входит в серию терминологических словарей нового поколения, разработка и внедрение которых вызваны, в первую очередь, потребностями создаваемой в Республике Северная Осетия–Алания полилингвальной модели системы поликультурного образования. Составителем словаря в полной мере учтён опыт в области ботанической терминологии осетинского языка, накопленный в течение XIX–XX веков, на основе которого ею произведен тщательный и системный отбор наиболее удачных элементов и созданы новые, более адекватные в ботаническом смысле варианты.

Разработка ботанической терминосистемы осуществлялась с опорой на три базовых принципа:

1) использование исконного осетинского слова или глубоко укоренившегося в системе осетинского языка иноязычного термина, заимствованный характер которого уже не ощущается носителями языка;

2) привлечение терминов-«интернационализмов», существующих в большинстве европейских языков;

3) создание, в порядке исключения, с учётом особенностей фонетического и грамматического строя осетинского языка новых ботанических слов-терминов для выражения лингвистических понятий.

При этом составитель использовал эти принципы именно в данной приоритетности, что позволило избежать излишней инновационности, с одной стоны, а с другой, обеспечило высокий уровень интеграции в международную ботаническую терминосистему.

Несомненно, большое значение имеет тот факт, что впервые разработка подобного словаря была осуществлена параллельно с составлением учебников и учебных пособий по окружающему миру на осетинском языке, что позволяет рассчитывать на отражение в словаре всего комплекса терминов, необходимых для системного и полномасштабного преподавания окружающего мира на осетинском языке в полилингвальной школе, а также на эффективность перехода учащихся с осетинского на русский язык в процессе изучения окружающего мира.

Доктор филологических наук, профессор,
зав. кафедрой ЮНЕСКО Северо-Осетинского
государственного педагогического института
Т. Т. Камболов

ОТ СОСТАВИТЕЛЯ

«Русско-осетинско-английский картинный толковый словарь названий растений» является одним из словарей, вышедших в рамках проекта «Теория и практика полилингвального и поликультурного образования на Кавказе» кафедры ЮНЕСКО СОГПИ, где была организована лексикографическая группа по разработке терминологических словарей.

Словарь содержит 318 ботанических терминов (названий растений) на русском, осетинском (иронский и дигорский) и английском языках. В нем собраны сведения о самых разнообразных видах растений с цветными фотографиями, ботаническими именами и основными характеристиками. Для облегчения пользования словарем все термины пронумерованы и расположены в алфавитном порядке (в словаре – на русском языке, а в приложении – на иронском).

Данный словарь составлен к учебникам и учебным пособиям по окружающему миру для 1, 2, 3, 4 классов на осетинском и русском языках. При составлении словаря были использованы почти все ныне действующие словари, журнальные статьи, научные статьи и публикации.

Составитель будет признателен читателям за все полезные замечания и советы для продолжения работы над систематизацией материала.


Составитель искренне благодарит профессора, доктора филологических наук Харума Алихановича Таказова, доктора филологических наук Ларису Борисовну Гацалову, кандидата педагогических наук Ивету Георгиевну Агузарову, взявших на себя труд рецензирования словаря, переводчиков Таймураза Азийхановича Тамаева и Алину Шотаевну Цавкаеву.

Старший научный сотрудник
кафедры ЮНЕСКО Северо-Осетинского
государственного педагогического института
Саламова Лидия Даурбековна




6


1


3


2


4

	Русский	Иронский	Дигорский	Английский
1	**Абрикос**	**Абрикос**	**Абрикос**	**Apricot**
	Южное фруктовое дерево семейства розоцветных, дающее сочные сладкие плоды, с крупной косточкой.	Хуссайраг ставдапп дыргъ бæлас мæтæгхуыз дидинонты мыггагæй. Зайы йыл донджын адджын дыргътæ.	Хонсайраг рæзæ бæласæ рохснæгхуз дзæгæркалти муггагæй. Дæдтуй устур наппæ адгин рæзæ.	A southern fruit-tree of the Rosales family that gives juicy sugary fruit with a stone inside.
2	**Азалия**	**Залгъæд**	**Дзалгъæдæ**	**Azalea**
	Декоративное кустарниковое растение с розовыми, белыми или красными цветками.	Декоративон къутæрджын зайæгой мæтæгхуыз, урс кæнæ сырх дидинджытимæ.	Декоративон къотæргун зайæгой, рохснæг, уорс кенæ сурх деденгути хæццæ.	A decorative shrubby plant with pink, white or red flowers.
3	**Аир**	**Аир**	**Аир**	**Calamus**
	Род многолетних трав. Применяется в медицине (корневища), в парфюмерной промышленности.	Бирæазон кæрдæджыты мыггаг. Йæ бындзæфхадæй йын пайда кæнынц медицинæйы æмæ парфюмерон промышленносты.	Берæанзон кæрдæгути муггаг. Æ едæгтæй ин пайда кæнунцæ медицини æма парфюмерон промышленности.	A perennial plant. The hizomes are used in medicine, perfumery.
4	**Аистник**	**Кæсагласгæрдæг**	**Кæсалгласгæрдæг**	**Erodium**
	Род однолетних или многолетних трав. Форма плода схожа с головой аиста.	Иуазон кæнæ бирæазон кæрдæг. Йæ дыргъы формæ у кæсагласы сæры æнгæс.	Еуанзон кенæ берæанзон кæрдæг. Æ рæзи формæ æй кæсалгласи сæри хузæн.	A sort of annual or perennial herbs. The form of fetus is like a stork's head.


5


6


7

5	**Айва**	**Къомси**	**Къомси, гъунтъуз цилауи**	**Apple Quince**
	Южное дерево семейства розоцветных с твёрдыми ароматными плодами, похожими по форме на яблоко или грушу.	Хуссайраг бæлас мæтæгхуыз дидинонты мыггагæй. Зайы йыл хъæбæр хæрздæф дыргътæ, сæ формæ у фæткъуы кæнæ кæрдойы хуызæн.	Рохснæгхуз дзæгæрæгкалти муггагæй хонсайраг рæзæ бæласæ. Зайуй ибæл фæткъу кенæ кæрдту æнгæс, хъæбæр æма хуарзтæфгæнагæ рæзæ.	A southern fruit-tree of the Rosales family with tough flavourous fetuses that have the shape of an apple or pear.
6	**Акация**	**Акъаци**	**Акъадзи**	**Acacia**
	Род деревьев и кустарников. Белая акация (высокое дерево с кистями белых душистых цветков). Жёлтая акация (кустарник с жёлтыми цветками).	Бæлæстæ æмæ къутæрты мыггаг. Урс акъаци (бæрзонд урс бæлас хæрздæф дидинджыты цупæлттимæ). Бур акъаци (бурдидинæгджын къутæр).	Бæластæ кенæ къотæрхуз зайæгойтæ. Æ бæласæ калуй хуарз тæфгæнагæ уорс дзæгæрæг, æ къотæр ба – бор дзæгæрæг.	A sort of trees and shrubs. White Acacia is a high tree with bunches of white odorous flowers. Yellow Acacia is a bush with yellow flowers.
7	**Алоэ**	**Сындздидинæг, æнусæг**	**Æносæг, алоэ**	**Aloe**
	Южное растение семейства лилейных с толстыми мясистыми листьями, разводимое в комнатных условиях как лекарственное или декоративное, столетник.	Хуссайраг зайæгой хъоппæгонты мыггагæй, йæ сыфтæ сты бæзджын æмæ дондыппыр. Хæдзары йæ дарынц куыд хосæнбæзгæ кæнæ декоративон зайæгой, сæдæазон.	Бæзгин æма дондупбур сифгун, хонсайраг зайæгой хъопбæгъти муггагæй. Хæдзари æй дарунцæ хуасийнæн кенæ куд декоративон зайæгой, уотæ; сæдæанзон.	A southern century plant of the Lilac family with thick pulpy, leaves used in houses as officinal, decorative.

2 Заказ №


8


9


11


10

8	**Алтей**	**Галысыф**	**Гали сифæ**	**Althaea**
	Род трав семейства мальвовых. Корень алтея лекарственного используется в медицине.	Кæрдæджыты хуыз бæгъаты мыггагæй. Галысыфы уидагæй пайда кæнынц медицинæйы.	Къерегæрдæгути муггагæй. Æ едæгтæй ин хуастæ кæнунцæ медицини.	A sort of herbs of the Mallow family. The officinal Althaea's root is used in medicine.
9	**Алыча**	**Æхсынцъы**	**Æхсинцъæ**	**Cherry-plum**
	Южное плодовое дерево, родственное сливе.	Хуссайраг дыргъ бæлас, чылауи бæласы мыггагмæ хæстæг.	Хонсайраг рæзæ бæласæ, цилауи бæласи муггагмæ хæстæг.	A southern fruit-tree related to the plum.
10	**Апельсин**	**Апельсин**	**Апельсин**	**Orange**
	Цитрусовое дерево, а также сочный ароматный кисло-сладкий плод его с мягкой кожурой оранжевого цвета.	Цитрус бæлас, стæй йæ донджын хæрздæф туагбын дыргъ. Йæ цъар у фæлмæн, сырхбынбур.	Цитрусон бæласæ уæдта æ сурхборбун хуарзтæфгæнагæ æма хуæрзадæ рæзæ.	A citrus tree and fruit with thick reddish-yellow skin and a lot of sweet juice.
11	**Арбуз**	**Харбыз**	**Харбуз**	**Watermelon**
	Бахчевое растение семейства тыквенных с большими шарообразными сладкими плодами.	Стыр æмдымбыл адджын дыргътæ кæуыл зайы, ахæм бастаны зайæгой насты мыггагæй.	Устур тумбул адгин халсар кæбæл зайуй, уæхæн баста – ни зайæгой, нæсти муггагæй.	A melon plant of the Pumpkin family with large spherical sweet fruit.


12


14


13


15

12	**Астра**	**Астрæ**	**Астрæ**	**Aster**
	Род травянистых растений. Широко распространены как декоративные растения с красивыми цветами.	Кæрдæгхал зайæгойты мыггаг. Йæ рæсугъд дидинджыты тыххæй дзы арæх пайда кæнынц куыд декоративон зайæгой, афтæ.	Кæрдæгхалæ зайæгойти муггагæй. Æ рæсугъд деденгутæмæ гæсгæ си арæх пайда кæнунцæ куд декоративон зайæгой, уотæ.	A sort of herbaceous plants. Asters are widely spread as decorative plants with beautiful flowers.
13	**Астрагал**	**Букъа**	**Букъа**	**Astragalus**
	Род растений семейства бобовых. Растут, главным образом, в засушливых областях. Многие астрагалы – кормовые.	Кæрдæджыты хуыз хъæдуронты мыггагæй. Арæхдæр зайынц хус рæтты. Биретæ дзы сты холлагæн бæзгæ.	Хъæдойрон кæрдæгути муггагæй кæрдæги хузæ. Арæхдæр зайунцæ сор зæнхити. Беретæ си фонси хуаллагæн бæззунцæ.	A sort of plants of the Beans family, grows mainly in dry areas. Many of Astragaluses are fodder herbs.
14	**Багульник**	**Багульник**	**Багульник**	**Labrador tea**
	Род вечнозелёных кустарников семейства вересковых.	Æнусонцъæх къутæрты хуыз верескты мыггагæй.	Æносон цъæхсифæ къотæр верескти муггагæй.	An evergreen bush of the Heathy family.
15	**Баклажан**	**Баклажан**	**Баклажан**	**Aubergine, Egg-plant**
	Огородное растение с продолговатым, обычно тёмно-фиолетовым плодом.	Цæхæрадоны зайæгой, у дæргъæццон, йæ дыргътæ арæхдæр – тар-фиолетхуыз.	Дзæхæрадони зайæгой паслёнти муггагæй. Æ рæзæ дæргъеццон æй, хузæй ба – фиолетон.	A vegetable oblong dark-violet garden plant.


16


17


20


18


19

16	**Бамбук**	**Хурхъæз**	**Хори хъæзæ**	**Bamboo**
	Подсемейство злаков. Стебель – одеревеневшая соломина. Цветут раз в жизни и после плодоношения погибают.	Æфсирджынтæм хæстæг зайæгойты мыггаг, йæ хъæд – хъæбæр. Дидинæг калы æрмæст иунæг хатт æмæ, йæ дыргъ куы ахауы, уæд бахус вæййы.	Æфсергунтæмæ хæстæг, федар æма хъæззæнгæ зайæгой. Æ царди медæгæ дзæгæрæг рафтауй айдагъдæр еунæг хатт, уæдта бахускъæ уй.	Subfamily of cereals. The stalk is a hardened straw. Blossoms once in a lifetime and dies after fruiting.
17	**Банан**	**Банан**	**Банан**	**Banana**
	Высокое тропическое растение с очень большими листьями, а также его продолговатый сладкий плод.	Тропикон бæрзонд зайæгой тынг стыр сыфтимæ, стæй йæ адджын дæргъæццон дыргъ.	Тропикон, бæрзонд æма устурсифгун зайæгой уæдта æ дæргъеццон адгин рæзæ.	A high tropical tree with very large leaves. Also its sweet oblong fruit.
18	**Баобаб**	**Баобаб**	**Баобаб**	**Monkey-bread**
	Тропическое дерево с очень толстым стволом.	Тропикон бæлас, ис ын тынг ставд зæнг.	Æставдзæнгæ тропикон бæласæ.	A tropical tree with a very thick trunk.
19	**Барбарис**	**Тырты**	**Турту**	**Barberry**
	Колючий кустарник с мелкими красными кислыми ягодами.	Сындзджын къутæр æмæ йæ лыстæг сырх туаг гагатæ.	Синдзгун къотæр уæдта æ листæг сурх тауæг гагатæ.	A prickly bush with small red sour berries.
20	**Бархатцы**	**Бархæттæ**	**Бархæттæ**	**Marigold**
	Род однолетних и многолетних растений. Цветы жёлтые, оранжевые или коричневые.	Иуазон æмæ бирæазон зайæгойты хуыз. Сæ дидинджытæ сты бур, бур-сырх кæнæ морæ.	Еуанзон æма берæанзон зайæгойти хузæ. Сæ деденгутæ æнцæ бор, оранжхуз кенæ мора.	A sort of annual or perennial herbs. The flowers are yellow, orange or brown.


23


21


22


24

21	**Бегония**	**Бегони**	**Бегони**	**Begonia**
	Тропическое растение с красивыми пёстрыми листьями, разводимое у нас в качестве декоративного.	Тропикон зайæгой рæсугъд ирд сыфтимæ, махмæ йæ дарынц куыд декоративон дидинæг, афтæ.	Рæсугъд гъолон сифтæгун тропикон зайæгой. Махмæ æй дарунцæ куд декоративон деденæг, уотæ.	A tropical plant with beautiful motley leaves that is grown as decorative.
22	**Безвременник великолепный**	**Куыдзы нуры**	**Мæнггъæдиндзæ**	**Colclicum Magnificent**
	Род многолетних трав семейства лилейных. Все части растений ядовиты. Некоторые виды разводят как декоративные.	Бирæазон кæрдæг хъоппæгонты мыггагæй. Йæ алы хай дæр у маргджын. Иуæй-иу хуызтæ дзы сты декоративон.	Берæанзон кæрдæг хъопбæгъти муггагæй. Æ алли хай дæр æй марггун. Еуæй-еуети си дарунцæ куд декоративон, уотæ.	A perennial plant of the Lilac family. All parts are poisonous. Some kinds are grown as decorative.
23	**Белена**	**Къусбын**	**Къосбун**	**Henbane**
	Род одно- и двухлетних трав. Белена чёрная – ядовита, сорняк. Экстракт из листьев используют в медицинских целях.	Иу æмæ дыууæазон кæрдæджыты мыггаг. Сау къусбын у маргджын, хæмпæлгæрдæг. Йæ сыфтæй йын пайда кæнынц медицинæйы.	Еу æма дууæанзон кæрдæгутæ, пасленти муггагæй. Æ саухуз хæмпæлгæрдæг æй марггун. Æ сифтæй ин медицини пайда кæнунцæ.	An annual or biennual herb. Black Henbane is a poisonous weed. Extract from the leaves is used in medicine.
24	**Белокрыльник**	**Урсбазыр**	**Уорсбазур**	**Calla**
	Род многолетних травянистых растений.	Бирæазон халхуыз зайæгойты мыггаг.	Берæанзон кæрдæгхалæ зайæгойти муггаг.	A herbaceous perennial plant.


27


28


25


26

25	**Белый гриб-боровик**	**Урс зокъо**	**Уорс зокъо**	**White Boletus**
	Трубчатый гриб. Шляпка сверху бурая, снизу губчатая белая, зеленовато-жёлтая. Ножка толстая, белая. Лучший гриб для сушки.	Хætæлзæнг зокъо. Йæ худ уæлæрдыгæй у морæ, бынæрдыгæй – урс кæнæ цъæхбын-бур. Йæ зæнг – ставд, урс. Хус кæнынæн – æппæты хуыздæр зокъо.	Уорс, хætæлзæнгæ зокъо. Æ сæри уæллаг фарс æй мора, бунггаг ба – уорс кенæ бор – кæрдæгхуз. Соргондæй нимад æй зокъоти хуæздæрбæл.	A tubular mushroom. The pileus is brown above and spongy below, white, greenish-yellow. The stem is thick and white.The best mushroom for drying.
26	**Бересклет**	**Дзæлв**	**Дзæлвæ, хæрæгбадæн**	**Euonymus**
	Род кустарников или небольших деревьев семейства бересклетовых. Почти все ядовиты.	Къутæрты кæнæ чысыл бæлæсты хуыз дзæлвыты мыггагæй. Сæ фылдæр сты маргджын.	Къотæр кенæ минкъий бæласæ, дзæлвбæлæсти муггагæй. Сæ фулдæр марггун æнцæ.	Herbaceous plants or small trees of the Euonymus family. Almost all of them are poisonous.
27	**Берёза**	**Бæрз, бæрзбæлас**	**Бæрзæ, бæрзбæласæ**	**Birch**
	Лиственное дерево с белой (реже тёмной) корой и с сердцевидными листьями.	Сыфтæрджын урсцъар (стæм хатт тарцъар) бæлас зæрдæнгæс сыфтимæ.	Арæхдæр уорс цъарæ (фæууй тарцъарæ дæр) сифгун бæласæ. Æ сифтæ, бакасти, зæрдæнгæс æнцæ.	A deciduous tree with a white (sometimes dark) bark with heart and shape leaves.
28	**Бодяк**	**Хуымы сындз**	**Хуми синдзæ**	**Thistle**
	Род двух- или многолетних трав с колючими листьями. Многие виды медоносны, бодяк полевой – злостный сорняк.	Дыууæ кæнæ бирæазон кæрдæджыты мыггаг сындзджын сыфтимæ. Бирæ хуызтæ дзы сты мыдхæссæг, быдырон хуымы сындз у зианхæссæг хæмпæлгæрдæг.	Дууæ кенæ берæанзон хæмпæлгæрдæг, синдзæсифæ, дзæгæркалти муггагæй. Сæ фулдæр муддæдтæг æнцæ. Будуйрон хуми синдзæ æй зæранхæссæг хæмпæлгæрдæг.	A biennual or perennial plant with prickly leaves. Many of these sorts are nectariferous, Cirsium arvense is a weed.


29


32


30


31

29	**Болиголов**	**Тæкъуындела**	**Такъундела**	**Hemlock**
	Род трав семейства зонтичных. Все растения (особенно плоды) ядовиты.	Кæрдæджыты хуыз ауюндарты мыггагæй. Æппæт зайæгойтæ дæр (уæлдайдæр та дыргътæ) сты маргджын.	Тъæпæнсæр дзæгæрæг кæрдæгути муггагæй, хæмпæлгæрдæг. Æ еугур муггæгтæ дæр æнцæ марггун.	A herbaceous plant of the Umbellate family. All of them are poisonous (especially the fruit).
30	**Боровик**	**Боровик**	**Боровик**	**Boletus, edilus, squarrel's bread**
	Род грибов. Также боровиком называют один из наиболее распространённых видов этого рода – белый гриб.	Зокъоты мыггаг. Боровик ма хонынц ацы къордæй æппæты арæхдæр æмбæлгæ хуыз – урс зокъо.	Гуделити муггаг. Анæй æй тæгкæ ахиддæр æмбæлагæ – уорс гуделæ дæр.	A species of mushrooms. The porcino mushroom is also called Boletus edulis.
31	**Борщевик**	**Сæнк, хъæндæлы**	**Зæнкæ**	**Cow parsnip**
	Род крупных трав семейства зонтичных. Молодые стебли и листья многих видов съедобны, некоторые используются как кормовые и лекарственные.	Ставд кæрдæджыты хуыз ауюндарты мыггагæй. Бирæтæн дзы сæ цъæх зæнг æмæ сыфтæ сты хæрынæн бæзгæ. Сæ иуæй-иу хуызтæ та сты холлагæн æмæ хосæн бæзгæ.	Тъæпæнсæр ставдсифæ дзæгæрæг кæрдæгути муггагæй, устур зайæгой. Æ æригон фæлмæн гъæдæ хуæрунмæ бæззуй. Пайда си кæнунцæ хуастæ æма фонсæн хуаллаг кæнунмæ.	A sort of large-size shrubs of the Umbellate family. Young stems and leaves are edible, some of them are used as forage and for medical purposes.
32	**Боярышник**	**Дурвæткъуы**	**Дорвæткъу**	**Hawthorn**
	Растение семейства розоцветных, – колючий кустарник или деревце, разводимое как живая изгородь и как декоративные растения.	Зайæгой мæтæгдидинонты мыггагæй – сындзкъутæр кæнæ бæлас. Садзынц æй кауы бæсты, стæй куыд декоративон зайæгой, кæнынц дзы хостæ.	Рохснæгхуз дзæгæркалæ зайæгойти муггагæй, синдзгун къотæр кенæ къотæрбæласæ. Кæнунцæ си хуастæ, садзунцæ 'й куд декоративон зайæгой, уотæ.	A plant of th eRosales family. The thorny bush or sapling is bred as a hedge and decorative plant.


33


34



36


35

33	**Бромелия**	**Бромели**	**Бромели**	**Bromeliad**
	Род растений. Наземные травы с розеткой жёстких листьев и цветками.	Зæххылзайгæ кæрдæджыты мыггаг розеткæмбырд хъæддых сыфтæ æмæ дидинджытимæ.	Зæнхæбæл зайæг зайæгойти хузæ. Æ гъæдæг сифтæ æма деденгутæ розетки æмбурд æнцæ.	A sort of ground-based plants with a rosette of tough leaves and flowers.
34	**Брусника**	**Мæцкъуы**	**Скъелду**	**Cowberry**
	Лесное растение – кустарничек с кожистыми вечнозелёными листиками, а также съедобные красные кисловатые ягоды его.	Цъарæвæрд æнусонцъæх лыстæгсыф хъæддаг зайæгой – чысыл къутæр, стæй йæ хæрынæнбæзгæ сырх туагбын дыргътæ.	Минкъий, гъæддаг къотæр, æносон цъæх минкъий сифти хæццæ уæдта æ сурх минкъий тауæггомау гагатæ.	A forest plant – a bush with leathery evergreen leaves and edible red sour berries.
35	**Брюква**	**Урс къуымбыл**	**Къумбул**	**Rutabaga**
	Двухлетнее травянистое растение семейства крестоцветных. Выращивают брюкву столовую и кормовую.	Дыууæазон халхуыз зайæгой дзуарæвæрд дидинонты мыггагæй. Иутæ дзы сты хæрынæнбæзгæ, иннæтæ – холладжы къуымбыл.	Дууæанзон зайæгой, дзиуарæвæрд дзæгæркалæ кæрдæгути муггагæй. Æ еу хузæ хуæрунмæ бæззуй, иннæ ба – фонси хуаллагæн.	A biennual herbaceous plant. Grown both as edible dining and forage rutabaga.
36	**Бузина травянистая**	**Бæрæзе**	**Уанцъили, бæрæзе**	**Grassy Elderberry**
	Разновидность бузины обыкновенной.	Хуымæтæг фæдæгъды хуыз.	Хумæтæг фæдæгъди хузæ, æздухсгæ кæрдæгути муггагæй.	A variation of common Elderberry.


37


38


39

37	**Бузина чёрная**	**Фæдæгъд**	**Фæдæгъдæ**	**Black Elderberry**
	Род кустарников, небольших деревьев, редко многолетних трав с чёрными или красными ягодами. Лекарственные и декоративные растения.	Къутæртæ æмæ гыццыл бæлæсты, стæм хатт бирæазон кæрдæджыты мыггаг сау кæнæ сырх гагадыргътимæ. Сты хосæнбæзгæ æмæ декоративон зайæгойтæ.	Къотæр, минкъий бæласæ кенæ берæанзон кæрдæг, сæгъсифон зайæгойти муггагæй. Зайуй сæбæл сау кенæ сурх гагарæзæ. Æнцæ хуасийнæ æма декоративон зайæгойтæ.	A sort of shrubs, not large trees, seldom perennial herbs (of the Honeysuckle family) with black or red berries. Medicinal and decorative plants.
38	**Бук**	**Тæгæр, уисхъæд**	**Тæрсæ**	**Beech**
	Крупное дерево с гладкой светло-серой корой и твёрдой древесиной.	Стыр бæлас, ирд-фæныкхуыз лæгъз цъар æмæ фидар хъæдимæ.	Устур, фæлорс–фунукхуз æма лигъз цъарæ хъæбæр гъæдæ бæласæ.	A large tree with smooth light-grey bark and hardwood.
39	**Бурачок**	**Джитъригæрдæг**	**Къомбохæг**	**Beetroot**
	Род растений семейства крестоцветных. Однолетние и многолетние травы, иногда полукустарники.	Зайæгой дзуарæвæрд дидинонты мыггагæй. Иуазон æмæ бирæазон кæрдæджытæ, стæм хатт – æрдæгкъутæртæ.	Дзиуарæвæрд дзæгæрæгæфтау зайæгойти муггагæй, зайæгой кæрдæг. Фæууй еуанзон, берæанзон уæдта ма къотæрхуз дæр.	A cruciferous plant, annual or perennial herbs, sometimes subshrubs.

4 Заказ №


40


42


41


43

40	**Валериана**	**Цъæнуд**	**Цъæнодæ**	**Valerian**
	Род многолетних трав семейства валериановых. Валериану выращивают для получения из корней и корневищ успокаивающих лекарственных средств.	Бирæазон кæрдæг цъæнудонты мыггагæй. Йæ бындзæфхад æмæ йын йæ уидæгтæй сабыргæнæн кæнынц хостæ.	Берæанзон кæрдæг, цъæнодæ кæрдæгути муггагæй. Æ едæгтæй ин кæнунцæ æруодæнсуни хуастæ.	A perennial plant of the Valerian family. Valerian is grown for getting sedatives from roots and rhizomes.
41	**Василёк**	**Æрвдидинæг**	**Æрвдеденæг**	**Cornflower**
	Светло-синий полевой цветок – сорняк, растущий во ржи и других злаках.	Ирд-цъæх быдырон дидинæг – хæмпæлгæрдæг, зайы цъой æмæ æндæр æфсирджынты æхсæн.	Тар-æрвхуз будуйрон деденæг – хæмпæлгæрдæг, зайуй æфсергæрдæгути æхсæн.	A light-blue field flower-weed that grows in rye and other cereals.
42	**Василисник**	**Бæхырагъыхос**	**Хуасгæрдæг**	**Meadowrue**
	Род многолетних трав семейства лютиковых. Есть лекарственные и декоративные.	Бирæазон кæрдæг бурдидинонты мыггагæй. Ис дзы хосæнбæзгæ æмæ декоративон хуызтæ.	Берæанзон кæрдæг, бор деденгути муггагæй. Æнцæ хуасийнæ æма декоративонтæ.	A perennial plant of the Buttercup family, both medicinal and decorative.
43	**Верба**	**Донхæрис**	**Хæрес, донæхсинцъæ**	**Pussy-willow**
	Дерево или кустарник семейства ивовых с пушистыми почками.	Пухкъуыбыр бæлас кæнæ къутæр хæрисонты мыггагæй.	Бæласæ кенæ къотæр, хæрес бæлæсти муггагæй, устур гъунтъуз къомбохтæгун.	A tree or shrub of the Willow family with fluffy buds.


47


44


45


46

44	**Верблюжья колючка**	**Теуайы сындз**	**Теуай синдзæ**	**Camel-thorn**
	Род полукустарников и многолетних трав семейства бобовых. Поедается верблюдами. В посевах – сорняк. Используется как топливо. Медонос.	Æрдæгкъутæр æмæ бирæазон кæрдæджыты хуыз хъæдурон-ты мыггагæй, теуаты холлаг. У хæмпæлгæрдæг, артагæнбæзгæ, мыдхæссæг.	Берæанзон кæрдæг кенæ къотæргæрдæг хъæдойрон кæрдæгути муггагæй. Æй теуати хуаллаг, муддæдтæг, арт дæр си кæнунцæ.	A sort of subshrubs and perennial plants of the Beans family. Camels eat it. It is weed in crops. It is used for fuel. It is a honey plant.
45	**Вереск**	**Вереск**	**Вереск**	**Heather**
	Вечнозелёный кустарник с мелкими листьями и лилово-розовыми цветками.	Æнусонцъæх лыстæгсыф къутæр. Йæ дидинджытæ сты ирд-мæтæгхуыз.	Æносонцъæх-сифæ минкъий къотæр. Æ деденгутæ рохснæгхуз æнцæ.	An evergreen shrub with small leaves and purplish-pink flowers.
46	**Ветреница лесная**	**Гæдыных**	**Тикисиних**	**Anemone**
	Род корневищных трав семейства лютиковых.	Уидагбын кæрдæджыты хуыз бурдидинонты мыггагæй.	Едагбун кæрдæг, бор стъалуг деденæг кæрдæгути муггагæй.	A sort of rhizome grass of the Buttercup family.
47	**Виноград**	**Сæнæфсир, сæнæфсир бæлас**	**Сæнæфсерæ, сæнæфсерæ бæласæ**	**Grape**
	Южное лиановое растение со сладкими ягодами, а также ягоды этого растения, идущие в пищу, на изготовление вина.	Хуссайраг хилаг зайæгой адджын гагадыргътимæ, стæй йæ хæрынæнбæзгæ гагадыргътæ, кæнынц дзы сæн.	Тухсагæ æма бурагæ зайæгойти муггагæй, хонсайраг бæласæ уæдта æ адгин хуæрунæн бæзгæ гагарæзæ, сæнæ дæр си кæнунцæ.	A southern liana plant with sweet berries. Also berries of this plant that are edible and used for wine making.


48


51


49


50

48	**Вишня**	**Бал, балбæлас**	**Бали, бали бæласæ**	**Cherry**
	Плодовое дерево семейства розоцветных с сочными тёмно-красными плодами, а также плод его.	Дыргъ бæлас мæтæгхуыз дидинонты мыггагæй донджын тар-сырх дыргътимæ, стæй йæ дыргъ.	Рохснæгхуз дзæгæркалæ бæлæсти муггагæй бæласæ уæдта æ рæзæ. Зайуй ибæл бор кенæ тар-сурх донгун гагарæзæ.	A fruit-tree of the Rosales family with juicy dark-red fruit. Also the fruit.
49	**Водоросль**	**Донгæрдæг**	**Донгæрдæг**	**Alga**
	Группа водных растений. Некоторые – съедобные, другие – кормовые.	Доны зайæгойты къорд. Иутæ дзы бæззынц хæрынæн, иннæтæ та – холлагæн.	Дони зайæгой кæрдæгути муггаги къуар. Æнцæ фонси хуаллаг, еуетæ ба си хуæрунмæ дæр бæззунцæ.	A group of aquatic plants. Some of them are edible, others are forage.
50	**Водосбор**	**Водосбор**	**Водосбор**	**Columbine**
	Род многолетних трав семейства лютиковых. Некоторые из них декоративные.	Бирæазон кæрдæджыты къорд бурдидинонты мыггагæй. Иуæй-иутæ дзы сты декоративон.	Берæанзон кæрдæгути хузæ бор деденæгонти муггагæй.	A perennial plant of the Buttercup family. Some of them are decorative.
51	**Водяника**	**Донсаунæмыг**	**Саугага цъæнодæ**	**Cowberry Caucasian**
	Род вечнозелёных кустарников. Плоды водяники чёрной употребляются в пищу.	Æнусонцъæх къутæрты мыггаг. Донсаунæмыджы дыргътæ сты хæрынæнбæзгæ.	Æносонцъæх къотæри муггаг. Æ гагатæ хуæрунмæ бæззунцæ.	An evergreen shrub. The fruit of black cowberry is edible.


52


54


55


53

52	**Водяной орех**	**Доны æхсæр**	**Дони æхсæрæ**	**Caltrop, Trapa natans**
	Род водных однолетних трав. Плоды его съедобны, имеют лекарственное значение.	Иуазон донызайæг кæрдæджыты мыггаг. Йæ хæрынæнбæзгæ дыргътæй йын аразынц хос.	Еуанзон дони зайæгой кæрдæгути муггаг. Æ хуæрунмæ бæзгæ рæзæ хуасийнæ æй.	A sort of annual herbs. The fruit is edible, it has medicinal value.
53	**Волчеягодник**	**Куыдзы гага**	**Кудзи гага**	**Daphne**
	Обширный род растений. Известен благодаря своим душистым цветкам и ядовитым ягодам.	Кæрдæджыты стыр мыггаг. Зындгонд у йæ хæрздæф дидинджытæ æмæ маргджын гагадыргътæй.	Ахид зайæгойти муггаги хузæ. Зундгонд æй æ хуæрздæф деденгутæ æма марггун гагарæзæй.	A wide range of plants. It is known because of its fragrant flowers and poisonous berries.
54	**Вороний глаз**	**Халоны цæст**	**Халони цæстæ**	**Crow's eye**
	Род однодольных растений. Цветок зелёного цвета, превращающийся в чёрную ягоду.	Иухайон кæрдæджыты мыггаг. Йæ кæрдæгхуыз дидинæгæй рауайы сау гагадыргъ.	Еухайон зайæгойти муггаги хузæ. Æ кæрдæгхуз деденæгæй рауайуй сау гагарæзæ.	A monocotyledon. The flower is green the berries are black.
55	**Вьюнок**	**Лывдзæг**	**Фæлерæ**	**Bindweed**
	Род трав и кустарников семейства вьюнковых. Вьюнок полевой – злостный сорняк посевов.	Кæрдæджытæ æмæ къутæртæ лывдзæгонты мыггагæй. Бындырон лывдзæг у зианхæссæг хæмпæлгæрдæг.	Кæрдæгутæ æма къотæртæ, тухсагæ зайæгойти муггагæй. Нимад æй, æ рæбун зайæгойти хъор ка кæнуй, уæхæн хæмпæлгæрдæгбæл.	A herbaceous plant and shrub of the Bindweed family. The field Bindweed is a weed to crops.


56



57


58


59

56	**Вяз**	**Хъарман**	**Хъарман**	**Elm**
	Несколько видов деревьев рода ильм.	Бæлæсты цалдæр хуызы талмыты мыггагæй.	Сибулддзити муггагæй бæлæсти цалдæр хузи.	Several species of trees of the Elm family.
57	**Гвоздика**	**Даричин**	**Дарийгун, дарикена**	**Carnation**
	Травянистое дикорастущее и садовое растение с яркими цветками и пряным запахом.	Хъæды æмæ цæхæрадоны зайæг кæрдæг, ис ын ирд хæрздæф дидинджытæ.	Гъæдæ æма дзæхæрадони зайæг кæрдæгхалæ зайæгой. Æ деденæг æй рæсугъд ирд æма дзæбæх тæфгæнагæ.	A grassy, wild and green plant with bright flowers and pungent odour.
58	**Герань**	**Сургæнæн**	**Соргæнæн**	**Geranium**
	Род многолетних, реже однолетних трав семейства гераниевых.	Бирæазон, стæмдæр хатт иуазон кæрдæджыты хуыз сургæнæнты мыггагæй.	Берæанзон, æстæндæреуанзон кæрдæги хузæ, соргæнæн кæрдæгути муггагæй.	A perennial, seldom annual plant of the Geranium family.
59	**Герань луговая**	**Калмгæрдæг**	**Хелаггæрдæг**	**Meadow Geranium**
	Травянистое растение с пахучими листьями. Герань луговая – декоративное растение.	Кæрдæгхал зайæгой тæфгæнаг сыфтимæ. Уыгæрдæны калмгæрдæг у декоративон зайæгой.	Кæрдæгхалæ зайæгой кæрдæг, тæфгæнагæ сифти хæццæ. Æ игуæрдæни зайæг хузæ нимад æй декоративонбæл.	A herbaceous plant with fragrant leaves. It is a decorative plant.


63


61


60


62

60	**Георгин**	**Картофгæрдæг**	**Уæдæрттаг**	**Dahlia**
	Род многолетних травянистых растений. Используют их в цветоводстве.	Бирæазон халхуыз зайæгойты мыггаг. Пайда дзы кæнынц дидинæджы куыстгæнджытæ.	Берæанзон кæрдæгхалæ зайæгойти муггаг. Пайда си кæнунцæ деденæги куст кæнгутæ.	A perennial herbaceous plant. It is used in floriculture.
61	**Гледичия**	**Сæгъы сыкъа**	**Сæгъи сиуæ**	**Gledichia**
	Род деревьев семейства бобовых. Стволы и ветки с колючками. Ценная древесина, декоративное растение, медонос.	Бæлæсты хуыз хъæдуронты мыггагæй. Йæ хъæдтæ æмæ къалиутæ сты сындзджын, йæ хъæдæрмæг – зынаргъ; у декоративон зайæгой, мыдхæссæг.	Хъæдойрон зайæгойти муггагæй бæласæ. Æ гъæдæ æма къалеутæ æнцæ синдзгун. Æй декоративон зайæгой, муддæдтæг, æ гъæдæрмæг ба – хъазар.	A sort of trees of the Beans family. Its stems and branches are with prickles. A valuable timber, decorative honey-plant.
62	**Голубика**	**Къабузæг**	**Саунæмуг**	**Blueberry, great bilberry**
	Кустарничек семейства брусничных со съедобными сизоголубыми ягодами, а также сами ягоды его.	Чысыл къудзи мæцкъуыты мыггагæй хæрынæнбæзгæ цъæх-æрвхуыз гагадыргътимæ, стæй йæ гагадыргътæ.	Минкъий къотæргæрдæг, скъелдухуз зайæгойти муггагæй уæдта æ хуæрунмæ бæзгæ сау-æрвхуз гагарæзæ.	A bush of the Cowberry family with edible gray-blue berries.
63	**Горец альпийский**	**Захъайы хъоло**	**Сагалæг**	**Highlander Alpine**
	Род трав, реже кустарников и полукустарников. Около 300 видов по всему земному шару.	Кæрдæджыты, стæмдæр хатт къутæрты æмæ æрдæгкъутæрты мыггаг. Зæххы къорийыл зайы 300 хуызмæ æввахс.	Кæрдæг, æстæндæр къотæр æма къотæргæрдæгон зайæгойти муггаг. Зæнхи цъарæбæл æнцæ 300 хуземæ хæстæг.	A herbaceous plant, seldom shrubs and subshrubs. There are about 300 species all over the world.


67


64


66


65

64	**Горицвет весенний**	**Уалдзыгон ӕндӕдзаг кӕрдӕг**	**Кусойнӕ**	**Lychnis, cuckoo flower Spring Adonis**
	Род многолетних трав. Сорняки; в культуре – как декоративные.	Бирӕазон кӕрдӕджыты мыггаг. Хӕмпӕлгӕрдӕджытӕ; нымад сты декоративон зайӕгойтыл.	Хӕмпӕлгӕрдӕг, берӕанзон кӕрдӕгути муггагӕй. Нимад ӕй декоративон зайӕгойбӕл.	A perennial weed plant. Decorative.
65	**Горох**	**Тымбылхъӕдур**	**Церцу, церцу хъӕдорӕ**	**Peas**
	Растения из семейства бобовых, а также его круглые семена, зёрна.	Зайӕгой хъӕдуронты мыггагӕй, стӕй йӕ тымбыл мыггӕгтӕ, гагатӕ.	Хъӕдойрон кӕрдӕгути муггагӕй зайӕгой уӕдта ӕ тумбул гага нӕмгутӕ.	Plants of the Beans family, also its round grainseeds.
66	**Горошек мышиный**	**Мысты хъӕдур**	**Мисти хъӕдорӕ**	**Peas mouse**
	Многолетнее растение семейства бобовых. Растение кормовое и медоносное.	Бирӕазон зайӕгой хъӕдуронты мыггагӕй. У холлагӕн бӕзгӕ ӕмӕ мыдхӕссӕг.	Берӕанзон зайӕгой хъӕдойронти муггагӕй. Ӕй мудӕдтӕг ӕма хуаллаги зайӕгой.	A perennial herbaceous melliferous plant of the Bean family. The plant is aft, as grown as forage.
67	**Горчица**	**Хъыцъы, дудгӕ**	**Хъинцъу**	**Mustard**
	Род одно- и многолетних трав семейства капустовых. Медоносны. Многие виды – сорняки.	Иуазон ӕмӕ бирӕазон кӕрдӕджыты хуыз къабускаты мыггагӕй. Сты мыдхӕссӕг, бирӕ хуызтӕ та – хӕмпӕлгӕрдӕг.	Еуанзон ӕма берӕанзон кӕрдӕгути хузӕ къабусгати муггагӕй. Берӕ хузтӕ си хӕмпӕлгӕрдӕг ӕнцӕ.	A perennial or annual plant of the Cabbage family. It's a honey-plant. Many of these species are weeds.


70


69


68


71

68	**Граб**	**Фатхъæд**	**Фатгъæдæ**	**Hornbeam**
	Род деревьев, реже кустарников семейства берёзовых. Древесина твёрдая, применяется при производстве музыкальных инструментов.	Бæлæсты, стæмдæр хатт къутæрты хуыз бæрзыты мыггагæй. Йæ хъæдæрмæг у фидар, пайда дзы кæнынц музыкалон инструменттæ аразгæйæ.	Бæласæ, æстæндæр къотæрбæласæ, бæрзити муггагæй. Æ гъæдæрмæг æй федар, кæнунцæ си музыкалон инструменттæ.	A sort of tree, seldom shrubs of the Birch family. The wood is solid, used to produce musical instruments.
69	**Гранат**	**Гранат**	**Гранат**	**Pomegranate**
	Южное дерево, а также круглый зернистый тёмно-красный плод его с многочисленными кисло-сладкими семенами.	Хуссайраг бæлас, стæй йæ тымбыл тар-сырх дыргъ. Йæ дыргъы мидæг ис бирæ лыстæг туаг-адджын гагатæ.	Хонсайраг бæласæ уæдта æ рæзæ. Æ рæзи медæгæ ес берæ листæг тар-сурх æма адгинтауæг гагатæ.	A southern tree, also its round grainy dark-red fruit with lots of sour sweet seeds.
70	**Гребенщик**	**Ехсхъæд**	**Æхсигъæдæ, уесгъæдæ**	**Tamarisk**
	Род деревьев и кустарников семейства гребенщиковых. Растут в пустынях, полупустынях и степях.	Бæлæсты æмæ къутæрты хуыз ехсхъæдты мыггагæй. Зайынц æдзæрæг, æрдæгæдзæрæг æмæ тыгъд быдырты.	Бæлæстæ æма къотæрбæлæсти хузæ æхсигъæдæ бæлæсти муггагæй. Зайуй æдзæрæг, æрдæгæдзæрæг æма итигъд будурти.	A sort of trees and bushes of the Tamarisk family. Grows in deserts, semi-deserts and steppes.
71	**Гречавка**	**Къæдзнизы хос**	**Гречавкæ**	**Gentian**
	Род трав и полукустарников. Некоторые из них используются в медицине и ликёро-водочном производстве.	Кæрдæджыты æмæ æрдæгкъутæрты мыггаг. Стæмтæй дзы пайда кæнынц медицинæйы æмæ карз нозт аразгæйæ.	Кæрдæг æма къотæргæрдæг зайæгойти хузæ. Сæ еуетæй пайда кæнунцæ медицини уæдта карз ниуæзтæ аразгæй.	A sort of herbs and subshrubs. Some are used in medicine and alcohol production.

6 Заказ №


72


73


74


75

72	**Гречиха**	**Сауфагæ**	**Сауфагæ**	**Buckwheat**
	Посевное травянистое растение, из семян которого изготавливают крупу и муку.	Таугæ кæрдæгхал зайæгой. Йæ мыггагæй кæнынц лæхурæг æмæ ссад.	Таугæ кæрдæгхалæ зайæгоййи муггаг. Æ муггæгтæй кæнунцæ фагæ æма инсад.	A herbaceous plant. Cereals and flour are made of its seeds.
73	**Гриб**	**Зокъо**	**Зокъо, къозо, гудели**	**Mushrooms**
	Одно из царств живых организмов. Сочетают признаки как растений, так и животных.	Удæгасбуар зайæгойтæ. Ис сæм, куыд зайæгойты, афтæ цæрæгойты миниуджытæ дæр.	Уодæгас бауæргин зайæгой. Ес имæ зайæгойти æма цæрæгойти минеугутæ.	One of the kingdoms of living organisms. Combine features of plants and animals.
74	**Груша**	**Кæрдо; кæрдобæлас**	**Кæрдту, кæрдту бæласæ**	**Pear**
	Фруктовое дерево семейства розоцветных с округлыми, удлинёнными кверху плодами, а также плод этого дерева.	Дыргъ бæлас мæтæгхуыз дидинонты мыггагæй тымбыл, куыдуæлæмæ дæргъæццон дыргътимæ, стæй ацы бæласæн йæ дыргъ.	Рæзæ бæласæ, рохснæгхуз дзæгæрæгкалæ бæлæсти муггагæй уæдта æ рæзæ. Рæзæн æ хузæ æй дæргъецџонтумбулгомау, бунæрдиги – ставддæр.	A fruit tree of Rosales family with round fruit elongated upwards, also fruit of this tree.
75	**Гусиный лук**	**Хъазы хъæдындз**	**Хъази гъæдиндзæ**	**Gagea**
	Род травянистых луковичных растений. Цветки небольшие, жёлтые, звёздчатые.	Халджын зайæгой хъæдындзбынонты мыггагæй. Йæ дидинджытæ – лыстæг, бур, стъалывæрд.	Гъæдиндзбунти муггагæй кæрдæгхалæ зайæгой. Е стъалувæрд бор деденгутæ æнцæ минкъийтæ.	A sort of herbaceous bulbous plants. The flowers are small, yellow, star-shaped.


77


78


76


79

76	**Девясил**	**Тоблахъ**	**Тоболахъ**	**Elecampane**
	Род многолетних трав семейства сложноцветных. Препараты из девясила используются в медицине. Некоторые виды – декоративные.	Бирæазон кæрдæг вазыгдидинонты мыггагæй. Пайда дзы кæнынц медицинæйы. Сæ иуæй-иу хуызтæ сты декоративон.	Берæанзон кæрдæг, берæвæрсуг дзæгæркалæг кæрдæгути муггагæй. Пайда си кæнунцæ медицини. Сæ еуæй-еутæ ба си æнцæ декоративон.	A perennial plant of the Composite family. Used in medicine. Some species are decorative.
77	**Дождевик**	**Уарыны зокъо**	**Уаруни зокъо**	**Puffball**
	Шарообразный гриб с мякотью внутри, превращающейся при высыхании в тёмную пыль.	Æмдымбыл зокъо, йæ хуылф – фæлмæн. Куы бахус вæййы, уæд фесты тар рыг.	Æ хурфæ фæлмæн кæмæн æй, уæхæн тумбул зокъо. Ку иссор уй, уæд æ хурфæ еугурæй дæр ругæ фестуй.	A spheric mushroom with pulp inside that turns to dust when dries.
78	**Донник**	**Донник**	**Донник**	**Melicot, sweet clover, Heading**
	Род одно- и двухлетних трав семейства бобовых, кормовая культура.	Иуазон æмæ дыууæазон кæрдæджыты хуыз хъæдуронты мыггагæй, у холладжы культурæ.	Еуанзон æма дууæанзон зайæгхалæ кæрдæгути хузæ, хъæдойронти муггагæй. Æй фонси хуаллаги културæ.	An annual or biennual herb of the Beans family, forage crop.
79	**Дуб**	**Тулдз**	**Толдзæ**	**Oak**
	Крупное лиственное дерево семейства буковых с крепкой древесиной и плодами-жёлудями.	Сыфтæрджын стыр бæлас тæгæронты мыггагæй, ис ын фидар хъæдæрмæг, зайы йыл гыркъо-дыргътæ.	Устур сифгун бæласæ, тæрсæ бæлæсти муггагæй. Æ гъæдæрмæг æй федар, зайгæ ба ибæл кæнуй гуркъотæ.	A large deciduous tree of the Beech family with strong wood and acorn.


83


80


82


81

80	**Дудник**	**Дудник**	**Дудник**	**Angelica**
	Род травянистых растений. Некоторые виды используются как лекарственные растения.	Кæрдæгхал зайæгойты хуыз. Иуæй-иутæ дзы пайда сты, куыд хосгæнæн кæрдæг.	Кæрдæгхалæ зайæгойти хузæ. Еуетæй си пайда кæнунцæ куд хуасийнæ кæрдæг, уотæ.	A sort of herbaceous plant. Some species are used as officinal plants.
81	**Дурман**	**Æррагæрдæг**	**Сæрзелæнгæнæг**	**Datura**
	Род трав, реже кустарников или деревьев. Ядовитое лекарственное растение.	Кæрдæджыты, стæм хатт къутæрты кæнæ бæлæсты мыггаг. Маргджын хосæнбæзгæ зайæгой.	Кæрдæгути, æстæндæр къотæрти кенæ бæлæсти хузæ, паслёнти муггагæй. Æй марггун, хуасийнæ зайæгой.	A sort of herbs, seldom shrubs or trees. Poisonous medicinal plant.
82	**Дурнишник**	**Къæмдзыг, ичъи**	**Къæндзæг**	**Clot bur, Xanthium**
	Род однолетних трав семейства сложноцветных. Дурнишник обыкновенный и дурнишник колючий – сорняки.	Иуазон кæрдæджыты хуыз вазыгдидинонты мыггагæй. Хуымæтæг къæмдзыг æмæ сындзджын къæмдзыг сты хæмпæлгæрдæг зайæгойтæ.	Еуанзон кæрдæги хузæ берæвæрсуг дзæгæркалæ зайæгойти муггагæй. Æ синдзгун хузæ дæр æма æ хумæтæг дæр æнцæ хæмпæлгæрдæгутæ.	An annual plant of the Composite family. Xanthium Common and Xanthium Thorny are weeds.
83	**Душица**	**Цайгæрдæг**	**Цайгæрдæг**	**Oregam, Marjoram**
	Род многолетних трав. Листья душицы – лекарственное средство.	Бирæазон кæрдæджыты мыггаг. Цайгæрдæджы сыфтæ сты хосæнбæзгæ.	Берæанзон кæрдæгути муггаг. Æ сифтæ хуасийнæ æнцæ.	A perennial plant. The leaves of Marjoram are used to make drugs.


84


86


87


85

84	**Дыня**	**Неси**	**Фиунасæ**	**Melon**
	Бахчевое растение семейства тыквенных с крупным сладким плодом.	Бастаны зайæгой насты мыггагæй. Зайы йыл егъау адджын дыргътæ.	Бастани зайæгой, нæсти муггагæй. Устур æма адгин халсартæ ибæл зайуй.	A melon plant of the Pumpkin family with large sweet fruit.
85	**Дягиль**	**Дягиль**	**Дягиль**	**Angelica**
	Высокое травянистое медоносное растение с зеленовато-белыми цветками.	Цъæхбын-урс дидинæгджын бæрзонд мыдхæссæг кæрдæгхал зайæгой.	Бæрзонд муддæдтæг кæрдæгхалæ зайæгой. Æ деденгути хузæ – фæлорскæрдæгхуз.	A tall, herbaceous, honey-plant with greenish-white flowers.
86	**Ежа**	**Ежа**	**Ежа**	**Cocksfoot, Daćtylis**
	Род многолетних травянистых растений. Кормовой злак.	Бирæазон кæрдæгхал зайæгойты мыггаг. У холладжы халсар.	Берæанзон кæрдæгхалæ зайæгойти муггаг. Æй хуаллаги халсар.	A sort of perennial herbaceous plants, forage grain.
87	**Ежевика**	**Дзедыр**	**Дзæдурæ**	**Blackberry**
	Родственное малине растение – колючий кустарник со съедобными чёрными ягодами.	Мæнæргъымæ хæстæг зайæгой – сындзджын къутæр, зайы йыл хæрынæнбæзгæ сау гагадыргътæ.	Хуæрунæн бæзгæ сау гагатæ кæбæл зайуй, уæхæн нинæгъмæ хæстæг синдзгун къотæр, рохснæгхуз дзæгæрæгкалæг зайæгойти муггагæй.	A thorny bush with edible black berries. Akin to raspberry plant.


88


90


89


91

88	**Ель**	**Наз**	**Назу**	**Spruce**
	Вечнозелёное хвойное дерево семейства сосновых с конусообразной кроной.	Æнусонцъæх хихджын бæлас нæзыты мыггагæй, йæ цъупп у фатæнгæс.	Æносонцъæх хехгун бæласæ нæзи бæлæсти муггагæй, æ цъопп хуæнхгæсгæ – циргъ.	An evergreen pine-tree of the Pine-tree family with a conical crown.
89	**Жасмин**	**Сагхъæд**	**Саггъæдæ**	**Jasmine**
	Садовый кустарник семейства маслиновых с белыми цветками, имеющими резкий пряно-душистый запах.	Цæхæрадоны зайæг къутæр маслинонты мыггагæй, йæ урс дидинджытæ кæнынц карз хæрздæф.	Дзæхæрадони зайæг къотæр, маслинонти муггагæй. Фæууй ибæл дзæбæх, карзтæфгæнагæ уорс деденгутæ.	A garden bush of the Olive family with white flowers that have sharp spicy – sweet smell.
90	**Жестер (жостер)**	**Сылмыртгæ**	**Мæнгæ муркъæ**	**Common buckthorn**
	Род кустарников или небольших деревьев семейства крушиновых. Декоративные и красильные растения, медоносны.	Къутæрты кæнæ чысыл бæлæсты хуыз бурхъæдты мыггагæй. Сты мыдхæссæг, декоративон æмæ ахорæнтæн бæзгæ зайæгойтæ.	Къотæр кенæ минкъий къотæрбæласæ, боргъæдæ бæлæсти муггагæй. Нимад æй декоративон, муддæдтæг æма хуарæнтæн бæзгæбæл.	A sort of shrubs or small trees of the Buckthorn family, decorative and dyeing plants, honey plants.
91	**Женьшень**	**Кæрдæгхос**	**Хуасгæрдæг**	**Ginseng**
	Дальневосточное многолетнее травянистое растение, корень которого применяется в медицине.	Дард хурыскæсæйнаг бирæазон кæрдæгхал зайæгой. Йæ бындзæфхадæй йын пайда кæнынц медицинæйы.	Идард хорискæсæйнаг берæ-анзон кæрдæгхалæ зайæгой, æ едæгтæ хуасийнæ æнцæ.	A Far – Eastern perennial herbaceous plant the root of which is used in medicine.


94


92


95


93

92	**Жёлудь**	**Гыркъо**	**Гуркъо**	**Acorn**
	Плод дуба, по строению сходный с орехом.	Тулдз бæласы дыргъ, йæ кондмæ гæсгæ у æхсæры хуызæн.	Толдзæ бæласи муггаг (рæзæ). Æхсæри хузæн æй.	Fruit of an oak that has the form of a nut.
93	**Жимолость**	**Сæгъымæцъ**	**Сæгъисифæ**	**Honey-suckle**
	Кустарниковое, иногда вьющееся растение с душистыми цветками.	Къутæрджын, хатгай хилæг зайæгой хæрздæф дидинджытимæ.	Къотæр уæдта тухсагæ зайæгой, фæууй ибæл дзæбæх тæфгæнагæ деденгутæ.	A shrubby, sometimes clambering plant with odorous flowers.
94	**Злодея**	**Злодейæ**	**Злодейæ**	**Villain grass**
	Род многолетних водных трав. Зеленая масса злодеи пригодна на корм скоту и как удобрение.	Бирæазон донызайæг кæрдæджыты мыггаг. Цъæхæй карстæй бæззы холлагæн, стæй зæххы хъацæнтæн.	Берæанзон дони зайæгой кæрдæги муггаг. Нæуæг карстæй фонси хуаллагæн бæззуй уæдта ма зæнхи мæрæ гъæцунмæ.	A perennial aquatic grass. Green mass of villain can be used as fodder and fertilizer.
95	**Звездчатка**	**Звездчаткæ**	**Звездчаткæ**	**Chickweed, pin-feed, snake-grass**
	Одно- или двухлетнее травянистое растение с тонким, лежачим узловатым стеблем и мелкими заострёнными листьями.	Иу кæнæ дыууæазон халхуыз зайæгой. Ис ын æлхынцъæвæрд зæххылхуысгæ зæнг æмæ лыстæг цыргъ сыфтæ.	Еу кенæ дууæанзон кæрдæгхалæ зайæгой. Ес ин листæг æлхийæнгæс зæнхæбæл хъан зæнгæ æма листæг циргъ сифтæ.	An annual or biannual herbaceous plant with thin, recumbent, nodulous stem and small sharp leaves.


96


97


99


98

96	**Зверобой**	**Цæвæгхос, сырдгæрдæг**	**Цæвæгхуасæ**	**Tutsan**
	Род луговых или лесных трав или полукустарников, обычно с жёлтыми цветками.	Уыгæрдæны кæнæ хъæды зайæг кæрдæджыты кæнæ æрдæгкъутæрты мыггаг, арæхдæр – бур дидинæгджын.	Игуæрдæни кенæ гъæди зайæгой кæрдæг, кенæ къотæргæрдæги муггаг. Æ деденгутæ фæуунцæ бор.	A sort of meadow or forest herbs or subshrubs usually with yellow flowers.
97	**Земляника**	**Æрыскъæф**	**Лискъæф**	**Strawberry**
	Многолетнее травянистое растение семейства розоцветных, дающее сладкие ягоды красного цвета.	Бирæазон кæрдæгхал зайæгой мæтæгхуыз дидинонты мыггагæй, зайы йыл адджын сырх гагадыргъæ.	Берæанзон кæрдæгхалæ зайæгой рохснæгхуз дзæгæрæгкалæг зайæгойти муггагæй, зайуй ибæл сурх адгин гагарæзæ.	A therennial herbaceous plant of Rosales family that gives sweet berries of red colour.
98	**Ива**	**Хæрис**	**Хæрес**	**Willow**
	Кустарник или дерево с гибкими ветвями и узкими листьями.	Къутæр кæнæ бæлас, тасагкъалиу æмæ нарæгсыфджын.	Къотæр кенæ бæласæ, тасагæ къалеутæ æма нарæг сифти хæццæ.	A shrub or tree with flexible branches and narrow leaves.
99	**Ильм гладкий (вяз)**	**Хъарман**	**Хъарман**	**Smooth Elm-tree**
	Род деревьев семейства ильмовых. Древесину используют в строительстве и мебельном производстве.	Бæлæсты хуыз хъарманты мыггагæй. Сæ хъæдæрмæгæй сын пайда кæнынц арæзтады æмæ хæдзары дзаумæттæ аразгæйæ.	Бæлæсти хузæ хъарманти муггагæй. Æ гъæдæрмæг æй федар. Пайда си кæнунцæ арæзтади æма хæдзари дзаумæуттæ аразгæй.	A sort of trees of the Elm family. Predominantly tall trees. The wood is used in building and furniture production.


102


100


101


103

100	**Инжир**	**Легъуи, инжир**	**Легъон, инжир**	**Fig**
	Южное дерево семейства тутовых с сочными плодами, а также сам плод его.	Хуссайраг бæлас тутаты мыггагæй, стæй йæ адджын, донджын дыргъ.	Хонсайраг бæласæ тутати муггагæй уæдта æ рæзæ. Æ рæзæ æй лæхъерæгомау æма хуæрзадæ.	A southern tree of the Mulberry family with juicy fruit. Also the fruit itself.
101	**Ирис**	**Ирис**	**Ирис**	**Iris**
	Многолетнее травянистое растение с крупными яркими цветками.	Бирæазон халхуыз зайæгой. Йæ дидинджытæ – ставд æмæ ирд.	Берæанзон кæрдæгхалæ зайæгой, зайуй ибæл устур æма ирд деденгутæ.	A perennial herbaceous plant with large bright flowers.
102	**Кабачок (кабачки)**	**Кабачки**	**Кабачки**	**Marrow**
	Огородное растение семейства тыквенных с овальным продолговатым плодом, а также сам плод.	Цæхæрадоны зайæгой насты мыггагæй, стæй йæ тымбыл дæргъæлвæс дыргъ.	Дзæхæродони зайæгой нæсти муггагæй уæдта ма æ дæргъеццон халсар.	A garden plant of the Pumpkin family that gives oval oblong vegetable. Also the vegetable itself.
103	**Кактус**	**Кактус**	**Кактус**	**Cactus**
	Южное растение с толстыми сочными стеблями, покрытыми колючками, волосками.	Хуссайраг зайæгой. Йе ставд зæнг у донджын æмæ сындзытæй æхгæд.	Хонсайраг зайæгой. Æ зæнгæ дæр æма æ сифтæ дæр æнцæ дон æма синдзæйдзаг.	A southern plant with thick juicy stems covered with prickles and hair.


104



105


106


107

104	**Калина**	**Мыртгæ**	**Мyркъæ**	**Arrow wood, snowball/ May Rose, Viburnum**
	Кустарник семейства жимолостных с белыми цветками и красными горькими ягодами, а также его ягоды.	Урсдидин къутæр сæгъысыфты мыггагæй, стæй йæ сырх маст гагадыргътæ.	Къотæр зайæгой, сæгъсифон зайæгойти муггагæй уæдта ма æ сурх тауæг гагарæзæ.	A shrub of the Honeysuckle family with white flowers and red bitter berries.
105	**Калужница**	**Калужницæ**	**Калужницæ**	**Marsh Marigold**
	Небольшой род многолетних травянистых растений, обитающих во влажных или заболоченных местах.	Бирæазон халхуыз зайæгойты чысыл къорд. Зайынц уымæл кæнæ цъымараджын бынæтты.	Берæанзон кæрдæгхалæ зайæгойти минкъий къуар. Зайунцæ уомæл кенæ цъимарагун рауæнти.	A sort of perennial, herbaceous plants living in wet or swampy places.
106	**Камнеломка**	**Камнеломкæ**	**Камнеломкæ**	**Saxifrage**
	Многолетние корневищные, травянистые растения. Листья разнообразные по форме, цветки звёздчатые, белые, жёлтые или розовые.	Бирæазон уидагджын халхуыз зайæгой. Йæ сыфты формæ – алыхуызæттæ, дидинджытæ – стъалывæрд, урс, бур æмæ мæтæгхуыз.	Берæанзон едагбун кæрдæгхалæ зайæгой. Æ сифти формæ – аллихузæнттæ. Æ уорс, рохснæгхуз æма бор деденгутæ стъалуæвæрд æнцæ.	Perennial, rhizome herbaceous plants. The leaves are different in form, the flowers are star-shaped, white, yellow or pink.
107	**Камыш**	**Хъæз, хъамыл**	**Цъизгæрдæг, хъæзæ**	**Reed, bulrush**
	Высокое водное или болотное растение семейства осоковых.	Доны кæнæ цъымарайы зайæг бæрзонд зайæгой дзалаты мыггагæй.	Дони кенæ цъимарай зайæг бæрзонд зайæгой, дзалагæрдæгути муггагæй.	A high water and swamp plant of the Sedge family.


108


110


109


111


112

108	**Капуста**	**Къабуска**	**Къабусга**	**Cabbage**
	Огородное растение семейства крестоцветных, растущее обычно кочаном.	Цæхæрадоны зайæгой дзуарæвæрд дидинонты мыггагæй, арæхдæр зайы качантæй.	Дзæхæрадони зайæгой дзиуарæвæрд дзæгæрæгкалти муггагæй, арæхдæр зайуй качантæй.	A garden plant of the Cruciferous family that grows as loaf.
109	**Карагач**	**Сывылдз**	**Сибулдзæ**	**Elm, ylem**
	Южное дерево семейства ильмовых.	Хуссайраг бæлас хъарманты мыггагæй.	Хонсайраг бæласæ хъарманти муггагæй.	A southern tree of the Elm family.
110	**Картофель**	**Картоф**	**Картоф**	**Potato**
	Клубнеплод семейства паслёновых с клубнями, богатыми крахмалом, а также сами клубни.	Бынджын халсар паслёнты мыггагæй, стæй йæ крахмалæй хъæздыг уидагбынтæ.	Едагбун зайæгой паслёнти муггагæй. Æ едагбун халсартæ гъæздуг æнцæ крахмалæй.	Tubers of the Nightshade family with tubers rich in starch.
111	**Каштан**	**Сабæлут**	**Сабæлот**	**Chestnut**
	Дерево семейства буковых с коричневыми плодами.	Бæлас тæрсыты мыггагæй. Зайы йыл морæ дыргътæ (гыркъотæ).	Бæласæ тæрсити муггагæй. Зайуй ибæл мора гуркъотæ.	A tree of the Beech family with brown fruit.
112	**Кедр**	**Кедр**	**Кедр**	**Cedar**
	Вечнозелёное хвойное дерево семейства сосновых.	Æнусонцъæх хихджын бæлас нæзыты мыггагæй.	Æносонцъæх хехгун бæласæ, нæзи бæлæсти муггагæй.	An evergreen fir – tree of the Pine family.


113


114


116


115

113	**Кизил**	**Цым, цым бæлас**	**Цумæ, цумæ бæласæ**	**Cornel, Dogwood, dogberry tree**
	Кустарник или деревце с сочными кисло-сладкими красными ягодами, а также его ягоды.	Къутæр кæнæ гыццыл бæлас туагбын донджын сырх гагадыргътимæ, стæй йæ гагадыргътæ.	Бæласæ кенæ къотæрбæласæ уæдта æ, хуæрунмæ бæзгæ, сурх гагарæзæ.	A shrub or small tree with juicy sour-sweet red berries.
114	**Кипарис**	**Кипарис**	**Кипарис**	**Cypress**
	Южное вечнозелёное хвойное дерево, преимущественно с пирамидальной кроной.	Хуссайраг æнусонцъæх хихджын бæлас, йæ цъупп арæхдæр вæййы пирамидæйы хуызæн.	Хонсайраг, æносонцъæх хехгун бæласæ. Æ цъопп арæхдæр фæууй хуæнхгæсгæ циргъ.	A southern evergreen fir – tree with pyramidal crown.
115	**Кислица**	**Туагсыф**	**Тауæгтъафæ**	**Shamrock, oxalis, Codling**
	Род трав, иногда полукустарников. В тенистых хвойных лесах часто встречается кислица обыкновенная (заячья капуста).	Кæрдæджыты, стæм хатт æрдæгкъутæрты мыггаг. Хихджын хъæдты ауон рæтты арæх фенæн ис хуымæтæг туагсыф (тæрхъусы къабуска).	Кæрдæгути, æстæндæр ба къотæргæрдæг зайæгойти муггагæй. Хумæтæги тауæгтъафæ (тæрхъоси къабусга) арæх фæууинун æнгъезуй къозæ гъæди хорауæнтти.	A sort of herbs, sometimes shrubs. Common Codling is frequent in thick pine forests.
116	**Клевер**	**Æртæсыфон, цъирæнгæрдæг, тæрхъусгæрдæг**	**Усес, æртитъафуг**	**Clover**
	Многолетнее травянистое растение семейства бобовых с соцветиями в виде шаровидной головки.	Бирæазон холладжы кæрдæг хъæдуронты мыггагæй, йæ æмдидинтæ сты тымбылсæр.	Хуаллаги кæрдæг, хъæдойрон кæрдæгути муггагæй. Æ дзæгæрæг фæууй тумбулсæр.	A forage grass of the Beans family with inflorescence in the form of globular head.


119


117


118


120

117	**Клещевина**	**Гæбыхъæдур**	**Сойгæрдæг**	**Palmcrist**
	Род многолетних древовидных растений, масличная культура. В семенах 48–55 % касторового масла.	Бирæазон бæласхуыз зайæгойты мыггаг. У сойдæттæг культурæ. Йæ мыггæгты ис 48–55 % касторы зети.	Берæанзон бæласхуз зайæгой. Æй сойнæ дæдтæг культурæ. Æ мугггæти ес 48–55% уæнгæ касторон сойнæ.	A perennial tree-like plant, oilseeds. There are 48-55% of castor oil in seeds.
118	**Клён**	**Тæгæр бæлас, уисхъæд**	**Тæгæр**	**Maple**
	Род деревьев и кустарников. Растут в лиственных и смешанных лесах. Древесину используют в производстве мебели.	Бæлæстæ æмæ къутæрты мыггаг. Зайынц сыфтæрджын æмæ хæццæ хъæдты. Йæ хъæдæрмæгæй йын пайда кæнынц хæдзары дзаума аразгæйæ.	Бæлæстæ æма къотæрти муггаги хузæ. Зайунцæ сифтæргун æма æнхæццæ гъæдти. Æ гъæдæрмæгæй ин пайда кæнунцæ хæдзари дзаумæуттæ аразгæй.	A sort of trees and shrubs. It grows in greenwoods and mixed forests. The Wood is used in furniture production.
119	**Клубника**	**Галæрыскъæф**	**Ставд лискъæф**	**Strawberry**
	Многолетнее травянистое растение семейства розоцветных со сладкими ароматными розово-красными ягодами.	Бирæазон халхуыз зайæгой мæтæгдидинонты мыггагæй. Зайы йыл адджын хæрздæф сырхбын гагадыргътæ.	Берæанзон кæрдæгхалæ зайæгой рохснæгхуз дзæгæрæгкалти муггагæй. Æ сурхрохснæгхуз гагарæзæ фæууй адгин æма дзæбæх тæфгæнагæ.	A perennial herbaceous plant of the Rosales family with sweet pink-red berries.
120	**Клюква**	**Туацъынæмыг**	**Туацъæ**	**Cranberry**
	Стелющийся болотный кустарничек семейства брусничных с красными кислыми ягодами.	Цъымарайы тыгъд къудзи мæцкъуыты мыггагæй, йæ сырх гагадыргътæ сты туаг.	Цъимарай зайæг минкъий къотæргæрдæг, скъелдуй муггагæй. Зайуй ибæл сурх, тауæг гагарæзæ.	Creeping swamp shrub of the Cowberry family with red sour berries.


122


123


125


124


121

121	**Ковыль**	**Хæмыцырихи**	**Хæмици рехæ**	**Feather grass, Mat grass, stipa**
	Степной дикорастущий злак с узкими листьями.	Æрнæгзайгæ быдырон æфсирджын зайæгой нарæг сыфтимæ.	Æрнæгæйзайæг, будуйрон, нарæгсифæ æфсергун зайæгой.	Steppe wild cereals with narrow leaves.
122	**Кокос**	**Кокос**	**Кокос**	**Coconut**
	Орех кокосовой пальмы.	Кокос-пальмæйы æхсæр.	Кокос пальми æхсæрæ.	A nut from coconut palm.
123	**Колокольчик**	**Уиззайы сæр**	**Мурæсæр**	**Bellflower**
	Травянистое растение с лиловыми или тёмно-голубыми цветками, по форме похожими на маленькие колокола.	Халхуыз зайæгой сиренхуыз кæнæ тар-æрвхуыз дидинджытимæ. Сæ формæ у гыццыл дзæнгæрджыты хуызæн.	Кæрдæгхалæ зайæгой. Æ деденгутæ æнцæ тар-æрвхузтæ, сæ бакаст ба – мурæнгæс.	A herbaceous tree with violet and dark blue flowers in the form of small bells.
124	**Конопля**	**Гæн**	**Гæнæ**	**Hemp**
	Род однолетних травянистых растений. Прядильная культура. Возделывают коноплю посевную.	Иуазон халхуыз зайæгойты мыггаг. У æлвисæн культурæ. Гæны куысты пайда кæнынц таугæ гæнæй.	Еуанзон кæрдæгхалæ зайæгойти муггаг. Æй æлвесæн культурæ. Гæни кусти пайда кæнунцæ таугæ гæнæй.	An annual herbaceous plant. Spinning culture. Cannabis sativa is cultivated.
125	**Копытень**	**Бæхы сæфтæг**	**Бæхи сæфтæг**	**Asarum, Wild ginger**
	Род многолетних трав. Листья (имеют форму следа копыта) остаются зелёными под снегом.	Бирæазон кæрдæджыты мыггаг. Йæ сыфтæ (сты сæфтæджы фæды хуызæн) миты бын баззайынц цъæхæй.	Берæанзон зайæгой кæрдæги муггаг. Æ сифтæ (бæхи сæфтæги фæди æнгæс æнцæ) метæруарди фæсте дæр ма цъæх фæуунцæ.	A perennial herbaceous plant. The leaves have the form of hoofprints, remain green under snow.


129


126


127


128

126	**Кориандр**	**Кориандр**	**Кориандр**	**Coriander**
	Род однолетних трав. Молодые стебли, называемые киндза, и семена, используются как приправа.	Иуазон кæрдæджыты мыггаг. Йæ хæрздæф цъæх хъæдтæ æмæ йын йæ мыггæгтæй пайда кæнынц хæринаггæнгæйæ.	Еуанзон зайæгой кæрдæги муггаг. Æ муггаг дæр æма е 'взонг къалеутæ дæр хуæруйнаг гъæцунмæ хуарз æнцæ.	An annual herbaceous plant. Young stems called coriander and the seeds are used as spices.
127	**Коровяк**	**Галæвзаг**	**Галæвзаг**	**Mullein**
	Род трав и полукустарников. Многие виды – лекарственные растения.	Кæрдæджытæ æмæ къутæрты мыггаг. Бирæ хуызтæ дзы сты хосгæнæн зайæгойтæ.	Кæрдæг æма къотæргæрдæг зайæгойти муггаг. Медицини си пайда кæнунцæ.	A sort of herbs and subshrubs. Many of them are medicinal plants.
128	**Костерь**	**Мæрхæг**	**Мæрхæг**	**Brom grass**
	Род одно- или многолетних трав. Некоторые виды выращивают как кормовые растения.	Иу кæнæ бирæазон кæрдæджыты мыггаг. Иуæй-иу хуызтæ дзы тауынц фосæн холлагæн.	Еуанзон кенæ берæанзон зайæгой кæрдæгути муггаг. Еуæй-еуетæ си фонси хуаллагæн таунцæ.	A perennial or annual plant. Some of the species are grown as forage.
129	**Костяника**	**Сыхсы**	**Бæпъæни**	**Stone bramble, roe buck berry**
	Многолетнее лесное травянистое растение семейства розоцветных со съедобными ярко-красными кислыми ягодами.	Бирæазон хъæды зайæг халхуыз зайæгой мæтæгхуыз дидинонты мыггагæй. Йæ ирдсырх туаг гагадыргътæ сты хæрынæнбæзгæ.	Берæанзон кæрдæгхалæ зайæгой рохснæгхуз дзæгæрæгкалти муггагæй. Æ сурхирд тауæггомау гаганæмгутæ хуæрунмæ бæззунцæ.	A perennial herbaceous plant of the Rosales family with edible scarlet berries.


130


131


132


133

130	**Крапива**	**Пысыра**	**Пуруса**	**Nettle**
	Травянистое растение с обжигающими волосками на стебле и листьях.	Халхуыз зайæгой, йæ хъæд æмæ йæ сыфтыл зайы лыстæг судзаг хæлттæ.	Кæрдæгхалæ зайæгой. Æ гъæдæ æма сифтæбæл листæг, содзагæ гъестæ зайуй.	A herbaceous plant with burning hairs on the stems and leaves.
131	**Кресс-салат**	**Дудгæ**	**Дзодзæги**	**Garden Cress Watercress**
	Травянистое растение, скороспелое, холодостойкое, листья которого употребляют для приготовления салата.	Тагъдцæттæгæнаг, уазалæн быхсаг халхуыз зайæгой, йæ сыфтæй йын пайда кæнынц салат кæнгæйæ.	Тагъдцæттæгæнагæ æма уазалæн бухсагæ кæрдæгхалæ зайæгой. Æ сифтæй ин пайда кæнунцæ салат кæнгæй.	A herbaceous plant, early, cold-resistant. The leaves are used in salads.
132	**Кровохлёбка**	**Тугцъир**	**Сурх къоппа**	**Burnet**
	Род многолетних трав, полукустарников и кустарников. Кровохлёбка лекарственная используется в медицине.	Бирæазон кæрдæджыты, æрдæгкъутæрты æмæ къутæрты мыггаг. Хосгæнæн тугцъирæй пайда кæнынц медицинæйы.	Берæанзон кæрдæг, къотæр æма къотæргæрдæг зайæгойти муггаг. Медицини си пайда кæнунцæ.	A perennial plant, subshrub and shrub. The officinal Burnet is used in medicine.
133	**Крушина**	**Бурæгъæд**	**Борæгъæдæ**	**Buckthorn**
	Кустарник с чёрными несъедобными плодами, а также слабительное средство из коры этого кустарника.	Къутæр хæрынæн нæбæзгæ сау дыргътимæ, стæй ацы къутæрæн йæ цъарæй кæнынц тæнæггæнæн хос.	Къотæр зайæгой. Æ сау гага рæзæ хуæрунмæ нæ бæззуй, æ цъари фунхдон ба губун фæттæнæг кæнуни хуасæ æй.	A shrub with black inedible fruit. Also a laxative from the bark of this shrub.


134


137


136


135

134	**Крыжовник**	**Хъалгъæн**	**Уæркъин**	**Gooseberry**
	Колючий садовый кустарник с кисло-сладкими крупными ягодами, а также его ягоды.	Цæхæрадоны зайæг сындз-джын къутæр ставд туагбын гагадыргътимæ, стæй йæ гагадыргътæ.	Дзæхæрадони зайæг синдз-гун къотæр. Зайуй ибæл ставдгомау, адгин-тауæггомау, хуæрунмæ бæзгæ гагатæ.	A thorny garden shrub with sour sweet large berries. Also its berries.
135	**Кубышка**	**Кубышкæ**	**Кубышкæ**	**Egg-pod, candock**
	Род многолетних водных растений, распространённых на мелководье. Листья округ-лые, цветки жёлтые, обладают приятным запахом.	Бирæазон доны зайæгойты мыггаг, тæнæг дæтты арæх сты. Сæ сыфтæ – тымбылгомау, дидинджытæ – бур, кæнынц хæрздæф.	Берæанзон дони зайæгойти муггаг. Уæлбун дæнтти арæх æнцæ. Æ сифтæ æнцæ тумбулгомау, деденгутæ ба – бор, хуæрздæфгæнагæ.	A sort of perennial water plants spread in shallow waters. The leaves are round, the flowers are yellow with sweet flavour.
136	**Кувшинка**	**Дурынгæрдæг**	**Гъосингæрдæг**	**Spatter-dock, Water lily**
	Род многолетних водных трав с крупными плавающими листьями и различно окрашен-ными цветками. Водяная лилия.	Бирæазон донызайæг кæрдæ-джыты мыггаг стыр ленкгæнæг сыфтæ æмæ алыхуызонахуырст дидинджытимæ. Донызайæг хъоппæг.	Берæанзон, устурсифæ æма аллихузон деденæггун дони зайæгой кæрдæгути хузæ гъосинхуз зайæгойти муггагæй. Дони хъопбæгъ.	A perennial plant with large floating leaves with flowers of differnt colours.
137	**Куколь**	**Мæгъæлда, халонгæрдæг**	**Сау къоппа, халонгæрдæг**	**Corn Cockle**
	Травянистое растение се-мейства гвоздичных – сор-няк с тёмно-розовыми цвет-ками и ядовитыми семенами.	Халхуыз зайæгой даричинты мыггагæй – хæмпæлгæрдæг тар-мæтæгхуыз дидинджытæ æмæ маргджын мыггæгтимæ.	Кæрдæгхалæ хæмпæлгæрдæг зайæгой, дарийгун кæрдæгути муггагæй. Æ деденгутæ æнцæ тар-рохснæгхуз æ муггаг ба – марггун.	A herbaceous plant of the Carnation family – a weed with dark – pink flowers and poisonous seeds.


138


141


140


142


139

138	**Кукуруза**	**Нартхор**	**Нартихуар**	**Corn**
	Злак с толстым стеблем и крупными съедобными жёлтыми и белыми зёрнами, собранными в початок.	Æфсирджын ставдзæнг зайæгой, йæ урс æмæ бур хæрынæнбæзгæ гагатæ сты иу хъæдыл æмбырд.	Æфсергун æставдзæнгæ зайæгой æма æ хъозгъæбæл зад бор кенæ уорс хуæрунæн бæзгæ нæмгутæ.	A grass with a thick stem and large edible yellow and white grains in the cob.
139	**Кукушкин лён**	**Гакк-гуккы гæн**	**Гæггоги гæнæ**	**Haircap, hair moss**
	Широко распространённое растение. Имеет высокие стебельки.	Арæхæмбæлгæ зайæгой. Ис ын бæрзонд зæнгтæ.	Ахид æмбæлагæ зайæгой. Ес ин бæрзонд зæнгитæ.	A widely spread plant; has high stems.
140	**Купальница**	**Купальницæ**	**Купальницæ**	**Globe-flower, double buttercup**
	Род многолетних трав семейства лютиковых. Есть декоративные.	Бирæазон кæрдæджыты хуыз бур дидинонты мыггагæй. Ис дзы декоративонтæ дæр.	Берæанзон зайæгой кæрдæг бор деденæгонти муггагæй. Се ’хсæн декоративонтæ дæр ес.	A perennial plant of the Buttercup family. There are decorative Globe – flowers.
141	**Купырь**	**Гæнгæлы**	**Гæнгæли**	**Chervil**
	Род трав, некоторые виды пригодны в пищу как овощные и пряные растения.	Кæрдæджыты мыггаг, иуæй-иу хуызтæ дзы хæрынмæ бæззынц, куыд халсар æмæ хъацæн.	Зайæгой кæрдæги муггаг. Сæ еуетæ си хуæрунмæ уæдта хуæруйнаг гъæцунмæ бæззунцæ.	A sort of herbs, some of them are suitable for food as vegetable and spices.
142	**Куропаточья трава**	**Хуыргаркгæрдæг**	**Хургаркгæрдæг**	**Thapisia**
	Небольшой вечнозелёный полукустарник. Цветки одиночные, с белыми лепестками.	Чысыл æнусонцъæх æрдæгкъутæр. Йæ иугай дидинджытæ сты урс дидинсыфтимæ.	Минкъий æносонцъæх æрдæгкъотæр. Æ дзæгæрæг уорссифон æй.	A small evergreen shrub. The flowers are single with white petals.


143


145


144


146

143	**Лавр**	**Лавр**	**Лавр**	**Bay, laurel**
	Южное вечнозелёное дерево или кустарник, душистые листья которого употребляются как специи.	Хуссайраг æнусонцъæх бæлас кæнæ къутæр, йæ хæрздæф сыфтæ йын хæринагыл кæнынц куыд хъацæн.	Хонсайраг æносонцъæхсифæ бæласæ кенæ къотæр. Æ хуæрздæф сифтæ ин хуæруйнагбæл гъæцæнтæн æфтаунцæ.	A southern evergreen tree or shrub, the leaves are used as spices.
144	**Ландыш**	**Джыджына**	**Гигина**	**Lily of the Valley**
	Травянистое растение семейства лилейных с душистыми мелкими белыми цветками.	Кæрдæгхал зайæгой хъоппæгонты мыггагæй, йæ лыстæг урс дидинджытæ кæнынц хæрздæф.	Кæрдæгхалæ зайæгой, хъопбæгъ кæрдæгути муггагæй. Зайуй ибæл минкъий уорс, дзæбæх тæфгæнагæ денгутæ.	A herbaceous plant of the Lilac family with fragrant small white flowers.
145	**Лапчатка**	**Лапчаткæ**	**Лапчаткæ**	**Cinquefoil, silver weed**
	Один из крупнейших по числу видов род растений. Многие виды употребляются в медицине.	Бирæ хуызтæ кæмæн ис, ахæм зайæгойты стыр мыггаг, иуæйиутæй дзы пайда кæнынц медицинæйы.	Сæ хузтæмæ гæсгæ тæгкæ фулдæр кæ æй, еци зайæгойти муггагæй еу хузæ. Берæ хузтæй си пайда кæнунцæ медицини.	One of the most widely spread species of plants, used in medicine.
146	**Лебеда**	**Футæг**	**Фотæг**	**Quinoa, orach**
	Травянистое сорное растение с листьями, обычно покрытыми мучнистым налётом.	Халхуыз хæмпæлгæрдæг зайæгой. Йæ сыфтыл цыма ссады рыг æрбадт, уыйхуызæн.	Кæрдæгхалæ хæмпæлгæрдæг зайæгой. Æ сифтæбæл цума инсади ругæ æрбадтæй, уæхæнхуз æнцæ.	A herbaceous weedy plant with leaves covered with mealy bloom.


147


149


150


148

147	**Лещина**	**Æхсæрбын**	**Æхсæрæ**	**Hazel, nut wood, avellane**
	Лесной кустарник семейства берёзовых, дающий орехи со съедобным ядром.	Хъæддаг æхсæр бæлас бæрзыты мыггагæй, зайы йыл æхсæртæ хæрынæнбæзгæ хъаппимæ.	Къотæрбæласæ бæрзити муггагæй. Зайуй ибæл æхсæртæ. Æхсæрти хъæппитæ хуæрунмæ бæззунцæ.	A forest herbacious plant of the Birch family that gives edible nuts.
148	**Лён**	**Гæн**	**Гæнæ**	**Flax**
	Травянистое растение, из стеблей которого получают прядильное волокно, а из семян – масло.	Халхуыз зайæгой. Йæ хъæдтæй йын кæнынц æлвисæн таг, йæ мыггæгтæй та – зети.	Кæрдæгхалæ зайæгой. Æ гъæдæй ин æлвесунмæ пухцитæ уадзунцæ, æ муггаги нæмгутæй ба ин сойнæ есунцæ.	A herbaceous plant. Used to get spinning fiber and ... and oil from the seeds.
149	**Лиана**	**Лианæ**	**Лианæ**	**Liana**
	Древесное, кустарниковое или травянистое, вьющееся или лазящее цепкое растение.	Æндæдзаг кæнæ бырaг къутæрбæлас кæнæ кæрдæгхал зайæгой.	Æндæдзагæ æма бурагæ къотæрбæласæ кенæ кæрдæгхалæ зайæгой.	Wood, shrub or herbaceous, tenacious climber.
150	**Лилия**	**Хъоппæг**	**Хъопбæгъ**	**Lily**
	Луковичное растение с прямым стеблем и крупными красивыми цветками в виде колокола.	Хъæдындзбын растзæнг зайæгой. Йæ дидинджытæ – дзæнгæрæгæнгæс, стыр æмæ рæсугъд.	Гъæдиндзбун æма раст зæнгæ зайæгой. Æ деденгутæ æнцæ мурæнгæс, устур æма рæсугъд.	A bulbous plant with a straight stem and large beautiful flowers in the form of a bell.


151


152


154


153

151	**Лимон**	**Лимон**	**Лимон**	**Lemon**
	Цитрусовое дерево, а также сочный, кислый плод его с твёрдой ароматной кожурой.	Цитрус бæлас, стæй йæ донджын туаг, хъæбæрцъар æмæ хæрздæф дыргъ.	Цитрусон бæласæ, уæдта æ рæзæ. Æ хъæбæр цъарин рæзæ æй донгун, тауæг æма дзæбæх тæфгæнагæ.	A citrus tree. Also it juicy, sour fruit with strong aromatic rind.
152	**Липа**	**Сусхъæд**	**Сосхъæдæ**	**Linden, lime-tree**
	Лиственное дерево с сердцевидными зубчатыми листьями и душистыми медоносными цветками.	Сыфтæрджын бæлас. Зайы йыл зæрдæхуыз сыфтæ æмæ хæрздæф мыдхæссæг дидинджытæ.	Сифгун бæласæ. Циргъкæрон, зæрдæхуз сифтæ æма ибæл муддæдтæг деденгутæ зайуй.	A deciduous tree with indented leaves in the form of a heart, and cog and fragrant honey flowers.
153	**Лисичка**	**Рувас-зокъо**	**Робасзокъо**	**Chanterelles**
	Съедобный пластинчатый гриб жёлтого цвета.	Хæрынæнбæзгæ цъарæвæрд бур зокъо.	Хуæрунмæ бæзгæ таггун, бор зокъо.	An edible lammelate yellow mushroom.
154	**Лисохвост**	**Рувас-къæдзил**	**Робас-къæдзелæ**	**Foxtail**
	Род многолетних, реже однолетних луговых трав. Многие виды известны как кормовые растения.	Бирæазон, стæмдæр хатт – иуазон быдырон кæрдæджыты мыггаг. Бирæ хуызтæ дзы сты холладжы зайæгойтæ.	Берæанзон, æстæндæр ба – еуанзон игуæрдæни кæрдæгути муггаг. Беретæ си æнцæ хуаллаги кæрдæгу-тæ.	A sort of perennial, seldom annual meadow plants. Most species are known as forage plants.


156


155


157

155	**Лиственница**	**Сыфнæзы**	**Сифнæзи**	**Larch**
	Хвойное дерево семейства сосновых с мягкой, опадающей на зиму хвоей и ценной древесиной.	Хихджын бæлас нæзыты мыггагæй. Йæ фæлмæн хихтæ зымæгмæ æрызгъæлынц, йæ хъæдæрмæг у зынаргъ.	Содзинсифæ бæласæ, нæзи бæлæсти муггагæй. Æ фæлмæн хехтæ зумæгмæ æрæгъзæлунцæ, æ гъæдæрмæг ба хуарз æма хъазар æй.	A delicious coniferous tree of Pine family with soft falling needles and valuable wood.
156	**Лишайник**	**Хъуынагæрдæг**	**Гъунагæрдæг**	**Lichen, moss**
	Низшее растение, состоящее из гриба и водоросли, образующих совместно новый сложный организм, растущий на камнях, на коре деревьев, на земле.	Зокъо æмæ донхалæй чи равзæры, ахæм хæрзхуымæтæг зайæгой, рауайы дзы вазыгджын буаргъæд. Зайы дуртыл, бæлæсты цъæрттыл, зæххыл.	Дони зайæгойтæ æма гуделтæй равзургæ фæстезад зайæгой. Ирæзуй зæнхæбæл, дортæбæл æма бæлæсти цъæрттæбæл.	A lower plant, a complex organism combination of mushroom and alga that grows on stones, on bark tree, on the ground.
157	**Ложный опёнок**	**Мæнг опёнок**	**Мæнгæ опёнок**	**Agaric honey**
	Название нескольких видов ядовитых или несъедобных грибов. От опёнка съедобного ложные опята отличаются отсутствием у них кольца на ножке.	Маргджын кæнæ хæрынæнбæзгæ зокъоты цалдæр хуызы ном. Хæрынæнбæзгæ опёноктæй хицæн кæнынц, сæ зæнгыл тæлы кæй нæй, уымæй.	Цалдæр марггун уæдта хуæрунæнбæзгæ гуделти ном. Хуæрунæн бæзгæ опятитæй мæнгитæ хецæн кæнунцæ, сæ зæнгæбæл тæли ке нæййес, уомæй.	A sort of poisonous inedible mushrooms. They haven't got a ring on the stem.


158


159


160


161

158	**Лопух**	**Мæнтæг**	**Монт; монти сифæ**	**Patsy**
	Репейник, растение из семейства сложноцветных, а также широкий лист его.	Ичъи – зайæгой вазыгдидинонты мыггагæй, стæй йæ фæтæн сыф.	Берæвæрсуг дзæгæркалти муггагæй хæмпæлгæрдæг зайæгой уæдта æ фæтæн сифæ.	Burdock, a compositae plant. Also its wide leaf.
159	**Лотос**	**Лотос**	**Лотос**	**Lotus**
	Южное земноводное растение с красивыми крупными цветками.	Суры æмæ доны зайæг хуссайраг зайæгой. Йæ дидинджытæ сты стыр æмæ рæсугъд.	Зæнхæ æма дони зайæг хонсайраг зайæгой. Æ дедено...	A southern amphibian plant with beautiful large flowers.
160	**Лук**	**Хъæдындз**	**Гъæдиндзæ**	**Onion**
	Огородное или дикорастущее растение семейства лилей-ных с острым вкусом луковицы и съедобными трубчатыми листьями.	Цæхæрадоны кæнæ хъæддаг зайæгой хъоппæгонты мыггагæй, ис ын судзаг бын æмæ хæрынæнбæзгæ хæтæлхуыз сыфтæ.	Дзæхæрадони кенæ гъæддаг, хуæрунæн бæзгæ зайæгой, хъопбæгъти муггагæй. Æ сифтæ æнцæ хæтæлхуз, сæ адæ ба æ буни хузæн – содзагæ.	A garden or wild plant of the Lilac family with a pungent bulb and edible tubular leaves.
161	**Лютик**	**Хурхæтæны бур дидинæг**	**Бор деденæг**	**Buttercup, yellowcup**
	Травянистое растение с едким ядовитым соком и обычно жёлтыми цветками.	Кæрдæгхал зайæгой. Йæ дидинджытæ – арæхдæр бур, йæ дон – карз марг.	Кæрдæгхалæ зайæгой. Æ деденгутæ æнцæ бор, æ дон ба – карз марг.	A herbaceous plant with pungent poisonous juice and usually yellow flowers.


165


162


163


164

162	**Магнолия**	**Магноли**	**Магноли**	**Magnolia**
	Вечнозелёное дерево или кустарник южных стран с крупными душистыми цветками.	Хуссайраг бæстæты зайæг æнусонцъæх бæлас кæнæ къутæр, йæ дидинджытæ сты стыр æмæ хæрздæф.	Хонсар бæстити зайæг, æносон цъæхсифæ бæласæ кенæ къотæр. Æ деденгутæ æнцæ устур æма дзæбæх тæфгæнагæ.	An evergreen tree or shrub of southern countries with large fragrant flowers.
163	**Мак**	**Зырзыраг**	**Зирзирагæ**	**Poppy**
	Травянистое растение с длинным стеблем и крупными, чаще красными цветками.	Кæрдæгхал даргъзæнг зайæгой, йæ дидинджытæ – стыр, арæхдæр сырх.	Даргъзæнгæ кæрдæгхалæ зайæгой. Æ деденгутæ æнцæ кæрз-сурх æма устур.	A herbaceous plant with long stems and large mostly red flowers.
164	**Малина**	**Мæнæргъы**	**Нинæгъ**	**Raspberry**
	Полукустарниковое растение семейства розоцветных со сладкими, обычно красными, ягодами.	Æрдæгкъутæр зайæгой мæтæгдидинонты мыггагæй. Зайы йыл адджын, арæхдæр – сырх гагадыргътæ.	Къотæргæрдæг зайæгой рохснæгхуз дзæгæркалæ къотæрти муггагæй. Зайуй ибæл хуæрунмæ бæзгæ, адгин, сурх гагарæзæ.	A subshrub plant of the Rosales family with sweet pink-red berries.
165	**Мальва**	**Бæгъа, чъирифыссæн**	**Къерегæрдæг**	**Mallow**
	Однолетнее или двулетнее травянистое растение с крупными яркими цветками.	Иуазон кæнæ дыууæазон халхуыз зайæгой, йæ дидинджытæ – стыр æмæ ирд.	Еуанзон кенæ дууæанзон кæрдæгхалæ зайæгой. Æ деденгутæ æнцæ ирд æма исæвгун.	An annual or biennual herbaceous plant with large bright flowers.


166


168


167


169

166	**Мандарин**	**Мандарин**	**Мандарин**	**Tangerine**
	Цитрусовое дерево, а также сочный ароматный плод его с мягкой оранжевой кожурой.	Цитрусон бæлас, стæй йæ сырхбын-бур фæлмæнцъар æмæ донджын хæрздæф дыргъ.	Цитрусон бæласæ уæдта æ рæзæ. Æ оранжхузæ цъарæ рæзæ æй донгун æма хуæрздæфгæнагæ.	A citrus tree and juicy fragrant fruit with soft orange peel.
167	**Маранта**	**Марантæ**	**Марантæ**	**Arrowroot, prayer plant**
	Род многолетних травянистых растений с клубневидным корневищем.	Бирæазон халхуыз зайæгойты мыггаг бынджын уидагимæ.	Берæанзон едагбун зайæгойти хузæ.	A sort of perennial plants with tuber-like rhizome, shaped like tubers
168	**Марена**	**Беу**	**Беу**	**Madder**
	Кустарниковое, полукустарниковое или травянистое растение, из корней которого добываются яркие красящие вещества.	Къутæрджын, æрдæгкъутæр кæнæ халхуыз зайæгой. Йæ уидæгтæй йын кæнынц ирд ахорæнтæ.	Къотæр, къотæргæрдæг кенæ кæрдæгхалæ зайæгой. Æ едæгтæй ин кæнунцæ ирд хуарæнтæ.	A shrub, subshrub or a herbaceous plant. Bright dye stuff is extracted from the roots.
169	**Маслина**	**Маслинæ**	**Маслинæ**	**Olive**
	Вечнозелёное дерево и кустарник, а также съедобный плод его, внешне похожий на маленькую сливу.	Æнусонцъæх бæлас æмæ къутæр, стæй йæ хæрынæнбæзгæ чысыл чылауийы хуызæн дыргъ.	Æносонцъæх бæласæ æма къотæр уæдта æ рæзæ. Æ хуæрунмæ бæзгæ рæзæ æй минкъий цилауий æнгæс.	An evergreen tree or shrub and also edible fruit that has the form of a small plum.


171


172


170


173

170	**Мать-и-мачеха**	**Дзыккайы сыф**	**Хъумбула**	**Coltsfoot, foalfoot**
	Многолетнее травянистое растение семейства сложноцветных с листьями, сверху гладкими и холодными, а снизу мягкими и опушенными.	Бирæазон халхуыз зайæгой вазыгдидинонты мыггагæй. Йæ сыфты уæллаг фарс – лæгъз æмæ уазал, бынæрдыгæй та – пакъуыйау фæлмæн.	Берæанзон кæрдæгхалæ зайæгой, берæвæрсуг дзæгæркалæ зайæгойти муггагæй. Æ сифтæн сæ сæргкаг фæрстæ æнцæ лигъз, бунггæгтæ ба – гъунтъуз, фæлорс æма фæлмæн.	A perennial herbaceous plant of the Composite family with leaves that are smooth and cold above and soft and tomentose below.
171	**Медуница**	**Медуницæ**	**Медуницæ**	**Lungwort**
	Многолетнее травянистое растение с мелкими душистыми цветками.	Бирæазон халхуыз зайæгой. Йæ дидинджытæ сты лыстæг æмæ дзæбæх тæфгæнаг.	Берæанзон кæрдæгхалæ зайæгой. Æ деденгутæ æнцæ минкъий æма дзæбæх тæфгæнагæ.	A perennial herbaceous plant with small fragrant flowers.
172	**Мимоза**	**Мимозæ**	**Мимозæ**	**Mimosa**
	Южное растение (травы, кустарники, деревья), некоторые виды которого известны тем, что свёртывают листья при прикосновении к ним.	Хуссайраг зайæгой (кæрдæджытæ, къутæртæ, бæлæстæ). Иуæй-иу хуызтæн дзы сæ сыфтæм куы бавналай, уæд сæхи æрбатухынц.	Хонсайраг зайæгой (кæрдæг, къотæр, бæласæ), еуæй-еуети сифтæмæ бавналгæй, сæхе æрбатохунцæ.	A southern plant (grasses, bushes, trees), some species of which are known for folding their leaves when touched.
173	**Можжевельник**	**Æхсæлы**	**Цихцили**	**Juniper**
	Хвойное дерево или кустарник семейства кипарисовых.	Хихджын бæлас кæнæ къутæр кипаристы мыггагæй.	Хехгун бæласæ кенæ къотæр, кипаристи муггагæй.	A coniferous tree or shrub belonging to the Cypress family.


174


176


175

174	**Молочай**	**Æхсыргæрдæг**	**Æхсирæг**	**Spurge, euphorbia, Christmas flower, devil's milk**
	Травянистое растение с ядовитым белым млечным соком.	Халхуыз зайæгой. Йæ æхсыры хуызæн урс дон у маргджын.	Кæрдæгхалæ зайæгой. Æ медæгæ ес æхсирхуз марггун дон.	A herbaceous plant with poisonous white milky sap.
175	**Морковь**	**Уырыдзы**	**Æпхæ**	**Carrot**
	Огородное растение, корнеплод с оранжевым сладковатым утолщённым корнем.	Цæхæрадоны зайæгой. Йæ бурбын-сырх уидаг у адджынгомау, ставд æмæ хæрынæнбæзгæ.	Дзæхæрадони зайæгой. Е ставд, боргон едагбунтæ хуæрунмæ адгингомау æнцæ.	A garden plant, root crop with orange sweetish thickened root.
176	**Морошка**	**Сыхсы**	**Цъифдзасти лискъæф**	**Cloudberry, salmon berry, baked-apple berry**
	Болотное травянистое растение семейства розоцветных со съедобными рыжевато-жёлтыми душистыми ягодами.	Цъымарайы халхуыз зайæгой мæтæгхуыз дидинонты мыггагæй. Йæ бурбын хæрздæф гагадыргътæ сты хæрынæнбæзгæ.	Цъимарай зайæг зайæгой кæрдæгхалæ рохснæгхуз дзæгæрæгкалæ кæрдæгути муггагæй. Зайуй ибæл хуæрунмæ бæзгæ, борбун дзæбæх тæфгæнагæ гагарæзæ.	A marsh herbaceous plant of the Rosales family with edible orange-yellow fragrant berries.


177


178


179


180

177	**Мох**	**Хъуына**	**Гъуна**	**Moss**
	Стелющееся или прямостоящее споровое растение, обычно растущее в сырых местах на земле, на деревьях, на камнях.	Зæххыл тыгъд кæнæ æмраст лæууæг гуырдзон зайæгой, арæхдæр зайы зæххы уымæл рæтты, бæлæстыл æмæ дуртыл.	Зæнхæбæл итигъд кенæ æмраст лæугæ игурдзон зайæгой. Арæхдæр зайуй уомæл рауæнти, дортæ æма бæлæстæбæл.	A procumbent or erect cryptogamous plant, usually growing in damp ground, on trees, stones.
178	**Мухомор**	**Бындзмар**	**Сурх зокъо**	**Fly-agaric, death cup**
	Ядовитый гриб с красной в белых крапинках шляпкой, ядовитостью которого пользуются для уничтожения мух.	Урстæпп сырхсæр маргджын зокъо. Йæ маргæй йын пайда кæнынц бындзытæ марынæн.	Сурхсæр, уорс цъæрнатæ марггун зокъо. Æ маргæй ин пайда кæнунцæ биндзитæ марунмæ.	A poisonous mushroom with red and white spots on cap. The poison is used for exterminating flies.
179	**Мушмула**	**Мугæ**	**Могæ**	**Medlar**
	Южный кустарник с жёсткими, но сладкими мучнистыми грушевидными плодами, а также плод этого растения.	Хуссайраг къутæр, стæй йæ хъæбæргомау, фæлæ нуарджын кæрдохуыз адджын дыргътæ.	Хонсайраг къотæр бæласæ, уæдта, æ гъæддаг кæрдтути æнгæс, хуæрзадæ рæзæ.	A southern bush with hard but sweet pear-shaped farinaceous fruit.
180	**Мята**	**Битъына**	**Бетъина**	**Pepper-mint, spearmint**
	Душистая многолетняя трава, употребляемая в медицине, в парфюмерной, пищевой промышленности.	Хæрздæф бирæазон кæрдæг. Пайда дзы кæнынц медицинæйы, парфюмерон æмæ хойраджы промышленносты.	Берæанзон, дзæбæх тæфгæнагæ кæрдæг. Пайда си кæнунцæ хуæруйнæгтæ кæнгæй, парфюмери æма медицини.	A fragrant perennial grass used in medicine, perfumery, food industry.


184


182


183


181

181	**Мятлик**	**Дзедзро**	**Æфсергæрдæг**	**Meadow grass**
	Дикорастущий кормовой злак.	Хъæды зайæг холладжы æфсиргæрдæг.	Гъæддаг æфсергæрдæг зайæгой. Фонси хуаллаг.	A wild forage herb.
182	**Наперстянка**	**Наперстянкæ**	**Наперстянкæ**	**Foxglove**
	Род травянистых растений. Долгое время оставался единственным препаратом для лечения хронической сердечной недостаточности.	Халджын зайæгойты хуыз. Бирæ рæстæг æрмæст ацы кæрдæгæй дзæбæх кодтой зæрдæйы низтæ.	Кæрдæгхалæ зайæгойти муггаг. Берæ рæстæг айдагъдæр амæй дзæбæх кодтонцæ зæрди незтæ.	A sort of herbaceous plants. For a long time it was the only drug for treating cardiac decompensation.
183	**Нарцисс**	**Нарцисс**	**Нарцисс**	**Narcissus, daffodil**
	Садовое луковичное растение с белыми или жёлтыми пахучими цветками.	Цæхæрадоны садзгæ хъæдындзбын зайæгой. Зайы йыл урс кæнæ бур хæрздæф дидинджытæ.	Дзæхæрадони, гъæдиндзхуз зайæгой. Зайуй ибæл уорс кенæ бор дзæбæх тæфгæнагæ деденгутæ.	A garden bulbous plant with white or yellow odorous flowers.
184	**Недотрога**	**Хъусцæг**	**Гъосицæг**	**Touch-me-not, jewel weed**
	Род травянистых растений. Плоды активно разбрасывают семена, с треском раскрываясь от малейшего прикосновения. Некоторые недотроги – декоративные растения.	Халхуыз зайæгойты мыггаг. Йæ дыргътæм ын чысыл куы бавналай, уæд къæрцгæнгæ фегом вæййынц, æмæ сæ мыггаг апырх вæййы. Иуæйиутæ дзы сты декоративон зайæгойтæ.	Кæрдæгхалæ зайæгой, бальзамонти муггагæй. Минкъий бавналдæй дæр никъкъæрцц кæнуй æма ниппурх унцæ æ муггæгтæ. Еуæй-еуетæ си декоративон æнцæ.	A herbaceous plant. The fruit actively throws about seeds dehiscing with the slightest touch. Some species are decorative.


186


185


187


188

185	**Незабудка**	**Незабудкæ**	**Незабудкæ**	**Forget-me-not**
	Растение с мелкими голубыми цветками, растущее в сырых местах.	Зайæгой, йæ дидинджытæ сты лыстæг æрвхуыз. Зайы уымæл рæтты.	Кæрдæгхалæ зайæгой. Æ деденгутæ минкъий æма æрвхузцъæх æнцæ.	A small wild plant with light blue flowers which grows in damp places.
186	**Нивяник**	**Дзедзыкка**	**Хордеденæг**	**Leucanthemum**
	Род многолетних трав. Нивяники – декоративные растения.	Бирæазон кæрдæджыты мыггаг. Дзедзыккатæ сты декоративон зайæгойтæ.	Берæанзон декоративон зайæгой кæрдæг берæвæрсуг дзæгæрæгкалæг кæрдæгути муггагæй.	A perennial decorative plant.
187	**Облепиха**	**Кæркмисындзæг**	**Цагъана**	**Sea-buckthorn**
	Высокий колючий кустарник или дерево с кисловатыми, тесно сидящими на ветках мелкими оранжево-жёлтыми ягодами, а также сами ягоды, имеющие целебные свойства.	Бæрзонд сындзджын къутæр кæнæ бæлас æмæ йæ туаггомау бурбын лыстæг гагадыргътæ. Зайынц къалиутыл æнгом, пайда сты æнæниздзинадæн.	Бæрзонд синдзгун къотæр кенæ бæласæ листæгсифонти муггагæй, уæдта, æ къалеутæбæл æнгон зад ка кæнуй, еци тауæг, бороранжхуз хуасийнæн бæзгæ гаганæмгутæ.	A high thorny bush or tree with sour closely growing orange-yellow berries which have medicinal features.
188	**Овёс**	**Сысджы**	**Зæтхæ**	**Oats**
	Яровой злак, зёрна которого обычно идут на корм лошадям, птице, а также на крупу.	Уалдзыгæнд æфсирджын зайæгой, йæ хор бæхтæн æмæ мæргътæн у пайдайаг холлаг, ноджы ма дзы кæнынц лæхурæг дæр.	Уалдзегæндæ æфсергун зайæгой. Æ хуар мæргътæ æма бæхтæн хуарз хуаллаг æй, лæхурдæй ба – серæн.	A spring crop grown in cool countries. The grain is used as food for horses and poultry and for making cereal.


189


190


191


192

189	**Овсюг**	**Згъæллаг**	**Згъæллагæ**	**Wild oats**
	Растение, семена которого похожи на овсяные, но не годятся в корм.	Йæ мыггæгтæ сысджыйы хуызæн кæмæн сты, фæлæ холлагæн чи нæ бæззы, ахæм зайæгой.	Зайæгой, æ муггæгтæ зæтхи муггæгти хузæн æнцæ, фал хуаллагæн нæ бæззунцæ.	A plant the seeds of which look like oat but are not fit for forage.
190	**Огурец**	**Джитъри**	**Хуæргæнасæ, гетъре**	**Cucumber**
	Огородное растение из семейства тыквенных с продолговатым зелёным плодом, идущее в пищу.	Цæхæрадоны зайæгой насты мыггагæй. Йæ дæргъæццон цъæх дыргътæ сты хæрынæнбæзгæ.	Дзæхæрадони зайæгой, нæсти муггагæй. Зайуй ибæл хуæрунмæ бæзгæ, дæргъеццон, кæрдæгхуз халсар.	A garden plant of the Pumpkin family with long green fruit used for food.
191	**Одуванчик**	**Къаппа-къуппа**	**Хъаппæ-хъуппæ**	**Dandelion, blowball**
	Травянистое растение с жёлтыми цветками и семенами на пушистых волосках, разносимыми ветром.	Халхуыз зайæгой, ис ын бур дидинджытæ æмæ, дымгæ æнцонæй кæй ахæссы, ахæм рог мыггæгтæ.	Кæрæдгхалæ зайæгой, берæвæрсуг дзæгæркалти муггагæй. Ес ин борбун уорс деденгутæ æма, дунгæ ке фæххæссуй, уæхæн рæуæг муггæгтæ.	A herbaceous plant. That yellow flowers become a soft white ball of seeds which are spread by wind.
192	**Ожика**	**Ожикæ**	**Ожикæ**	**Luzula**
	Род многолетних трав. Поедается скотом, растёт в горах, есть и декоративные.	Бирæазон кæрдæджыты мыггаг. Зайы хæхты, фос æй хорз хæрынц. Ис дзы декоративон хуызтæ дæр.	Берæанзон зайæгой кæрдæги муггаг. Зайуй хуæнхти. Фонс æй хуæрунцæ. Сæ еуетæ ба декоративон дæр æнцæ.	A perennial herbaceous plant that grows in the mountains and is eaten by cattle; can be decorative.


195


196


193


194

193	**Олеандр**	**Олеандр**	**Олеандр**	**Oleander**
	Южный вечнозелёный кустарник с удлиненными кожистыми листьями и с красными, розовыми или белыми цветками.	Хуссайраг ænусонцъæх къутæр. Ис ын дæргъæццон сæракхуыз сыфтæ æмæ сырх, мæтæгхуыз кæнæ урс дидинджытæ.	Хонсайраг æносон цъæхсифæ къотæр. Æ сифтæ æнцæ дæргъеццон салхуз, æ деденгутæ ба – сурх, рохснæгхуз кенæ уорситæ.	A southern evergreen bush with elongated leaves and red, pink or white flowers
194	**Ольха**	**Фæрв**	**Фæруæ, фæурæ**	**Alder**
	Лиственное дерево или кустарник семейства берёзовых.	Сыфтæрджын бæлас кæнæ къутæр бæрзыты мыггагæй.	Сифгун бæласæ кенæ къотæр бæрзити муггагæй.	A leaf-bearing tree or bush of the Birch family.
195	**Омела**	**Карчыкъах**	**Карки къах**	**Mistletoe**
	Вечнозелёный кустарник с белыми ягодами, растущий паразитом на деревьях.	Æнусонцъæх къутæр урс гагадыргътимæ. Зайы бæлæстыл æввонгхорæй.	Æносон цъæхсифæ къотæр, лæвархуар зайæгой. Зайуй ибæл уорс гаганæмгутæ.	An evergreen bush with white berries that grows on trees as parasite.
196	**Опёнок**	**Опёнок**	**Опёнок**	**Honey agaric**
	Съедобный гриб, появляющийся осенью преимущественно у корней деревьев, на пнях.	Хæрынæнбæзгæ зокъо, фæзыны фæззæджы, арæхдæр бæлæсты уидæгты рæбынты æмæ бындзæфхæдтыл.	Хуæрунмæ бæзгæ зокъо, арæхдæр фæззиннуй фæззæги бæлæсти æма уони бундзæфхæдти рæбунтæ.	An edible mushroom that appears in autumn mainly by the roots of the trees or on stumps.


197


199


198


200

197	**Орех грецкий**	**Æнгуз, æнгузбæлас**	**Æнгозæ, æнгозæ бæласæ**	**Walnut**
	Род деревьев семейства ореховых. Грецкий орех разводят ради съедобных плодов и ценной древесины.	Бæлæсты хуыз æнгуз бæлæсты мыггагæй. Садзынц æй йæ хæрынæнбæзгæ дыргътæ æмæ зынаргъ хъæдæрмæджы тыххæй.	Бæласæ æнгозæ бæлæсти муггагæй. Садзунцæ æй æ рæзæ æма æ хъæзар гъæдæрмæгмæ гæсгæ уæдта ма куд декоративон зайæгой, уотæ дæр.	A tree of the Nut family that is grown because of its edible fruit and valuable wood.
198	**Орешник**	**Æхсæрхъæд**	**Æхсæрбун**	**Hazel**
	Ореховый кустарник, а также заросль такого кустарника.	Æхсæры къутæр, стæй йæ къутæрджын бынат.	Æхсæри еу къотæр кенæ æ берæ къотæртæ еумæ.	A nut bush or brushwood.
199	**Орхидея**	**Орхидейæ**	**Орхидейæ**	**Orchid**
	Травянистое растение с душистыми цветками разнообразной формы и окраски, часто разводимое как декоративное.	Кæрдæгхал зайæгой, алыхуызон формæ æмæ хуыз кæмæн ис, ахæм хæрздæф дидинджытимæ. Арæх æй садзынц куыд декоративон зайæгой.	Хуæрздæфгæнагæ кæрдæгхалæ зайæгой. Æ рæсугъд хузæ æма формæ аллихузон ке æнцæ, уомæ гæсгæ ба декоративон æй.	A herbaceous plant with fragrant flowers of various shapes and colours, often cultivated as decorative.
200	**Осина**	**Урс гæды бæлас**	**Гæди бæласæ**	**Aspen**
	Лиственное дерево, родственное тополю.	Сыфтæрджын бæлас гæды бæлæсты мыггагæй.	Сифгун бæласæ, гæди бæлæсти муггагæй.	A leaf-bearing tree, akin to the poplar.

14 Заказ №


201


202


203


204

201	**Осока**	**Дзала**	**Дзалагæрдæг**	**Sedge, carex**
	Многолетняя трава с твёрдыми узкими и длинными листьями.	Бирæазон кæрдæг. Йæ сыфтæ сты лыстæг, даргъ æмæ хъæбæр.	Берæанзон кæрдæгхалæ зайæгой. Æ сифтæ æнцæ листæг, даргъ æма хъæбæр.	A perennial grass with hard narrow long leaves.
202	**Осот полевой**	**Хæрæгсындз**	**Хæрæгсиндзæ**	**Field sowthistle**
	Род многолетних трав и полукустарников. Используется на корм скоту.	Бирæазон кæрдæджыты мыггаг. Пайда дзы кæнынц фосы холлагæн.	Берæанзон кæрдæг æма къотæргæрдæг, берæвæрсуг дзæгæрæгкалæг зайæгойти муггагæй. Фонси хуаллагæн си пайда кæнунцæ.	Sort of perennial grasses and subshrubs that is used as forage for cattle.
203	**Очиток**	**Очиток**	**Очиток**	**Stonecrop**
	Род трав, полукустарников, кустарников.	Кæрдæджыты, æрдæгкъутæрты æмæ къутæрты мыггаг.	Къотæр, къотæргæрдæг æма кæрдæгути муггаг.	Sort of grass, subshrubs and shrubs.
204	**Падуб**	**Падуб**	**Падуб**	**Holly**
	Род деревьев и кустарников. Садоводами ценят падубы за декоративность блестящих листьев, тёмно-зелёных и ярких ягод.	Бæлæстæ æмæ къутæрты хуыз. Дидинджыты куыст чи кæны, уыдон сын стыр аргъ кæнынц сæ декоративон тарцъæх æрттиваг сыфтæ æмæ ирд гагадыргъты тыххæй.	Бæлæстæ æма къотæрхуз зайæгойти муггаг. Рæзи куст гæнгутæ син аргъ кæнунцæ сæ декоративон тарцъæх æрттевагæ сифтæ æма ирд гагарæзи туххæй.	A sort of trees and bushes. Gardeners value holly for its decorative bright leaves, dark green bright berries.


207


208



205


206

205	**Пальма**	**Пальмæ**	**Пальмæ**	**Palm**
	Дерево южных стран, обычно с прямым не ветвистым стволом и с очень крупными вечнозелёными перистыми или веерообразными листьями.	Хуссайраг бæстæты зайæг бæлас, арæхдæр æнæкъалиу æмæ æмрастхъæд. Ис ын тынг стыр æнусонцъæх сисхуыз кæнæ веерхуыз сыфтæ.	Хонсайраг бæстити зайæг, æносон цъæхсифæ æма æмрастгъæдæ бæласæ. Æ устур сифти æвæрд сести хузæн æй.	A tree from southern countries, usually with straight and unbranched trunk crowned by large pinnate or fansshaped leaves.
206	**Папоротник**	**Цилгæрдæг**	**Целгæрдæг, целæ**	**Fern**
	Споровое бесцветковое растение с крупными, сильно рассечёнными листьями.	Гуырдзджын æнæдидинæг зайæгой. Йе стыр сыфтæ сты фаз.	Æнæдеденæг игурддзæг зайæгой. Æ устур сифтæ æскъудтæхуз æнцæ.	A herbaceous perennial plant with compound, deeply lobed leaves.
207	**Первоцвет, примула**	**Фыццагдидин**	**Фиццагæлой**	**Primrose, cowslip**
	Небольшое декоративное и дикорастущее травянистое растение с трубчатыми цветками, первоцвет.	Чысыл декоративон æмæ æрнæгзайæг халхуыз зайæгой. Зайы йыл хæтæлхуыз дидинджытæ, фыццагдидин.	Минкъий, декоративон æма гъæддаг кæрдæгхалæ зайæгой, фиццагæлойти муггагæй. Æ дзæгæрæги гъæдтæ хæтæлхуз æнцæ.	A small wild and decorative herbaceous plant with tubular flowers.
208	**Перец**	**Цывзы**	**Цивзæ**	**Pepper**
	Овощное растение с плодами в виде стручков.	Халсаргæрдæг зайæгой, йæ дыргътæ сты кæрддзæмты хуызæн.	Халсаргæрдæг зайæгой, паслён зайæгойти муггагæй. Æ муггаги нæмгутæ агъодæгонди фæуунцæ.	A garden vegetable plant with foetus like pod.


210


209


211


212

209	**Перец чёрный**	**Бырц**	**Бурцæ**	**Black pepper**
	Южное растение, а также плоды (зерна) его, обладающие острым жгучим вкусом, употребляется как пряность.	Хуссайраг зайæгой, стæй йæ дыргъытæ (гагатæ). Сты тынг судзаг, пайда дзы кæнынц куыд хæринаджы хъацæн.	Хонсайраг содзагæхалæ зайæгой кæрдæг. Пайда си кæнунцæ хуæруйнæгтæ гъæцгæй.	A southern plant, also its seeds that have pungent burning taste, used in cooking as a spice.
210	**Персик**	**Алтъами**	**Гъунтъуз цилауи**	**Peach tree**
	Южное плодовое дерево семейства розоцветных, дающее мясистые сочные плоды с пушистой желтовато-красной кожицей и крупной косточкой.	Хуссайраг дыргъ бæлас мæтæгдидинонты мыггагæй. Йæ донджын фæлмæн дыргъæн ис бурбын-сырх цъар æмæ ставд апп.	Хонсайраг рæзæ бæласæ. Зайуй ибæл донгун, боргон-сурх, гъунтъуз, устур наппæгун рæзæ.	A southern fruit tree from the Rosales family that gives pink flowers and pulpy soft juicy fruit with downy yellow-red skin and a large pit or stone containing a single seed.
211	**Петрушка**	**Басгæрдæг**	**Басгæрдæг**	**Parsley**
	Огородное растение, корень и листья которого употребляют как приправа к пище.	Цæхæрæдоны зайæгой, йæ уидаг æмæ йын йæ сыфтæ кæнынц хæринагыл куыд хъацæн.	Дзæхæрадони зайæгой кæрдæг. Æ сифтæ æма едæгтæй ин пайда кæнунцæ хуæруйнæгтæ гъæцгæй.	Garden plant the roots and leaves of which are used in coking as a spice.
212	**Пижма**	**Пижма**	**Пижма**	**Tansy**
	Многолетнее травянистое растение высотой 80–120 см.	Бирæазон халхуыз зайæгой. Сæ бæрзæнд у 80–120 см.	Берæанзон кæрдæгхалæ зайæгой. Æ бæрзæндæ æй 80–120 см	A perennial, herbaceous plant. Its height is 80–120 centimetres.


214


216



215


213

213	**Пион**	**Пион**	**Пион**	**Peony**
	Декоративное растение семейства лютиковых с крупными яркими цветками.	Декоративон зайæгой бурдидинонты мыггагæй стыр ирд дидинджытимæ.	Декоративон бæзгин æма ирд деденæггун зайæгой, бор деденгути муггагæй.	A decorative plant from the Ranunculaceae family with brighty large flowers.
214	**Пихта**	**Соцъи бæлас**	**Соцъи бæласæ**	**Silver fir, abies**
	Вечнозелёное хвойное дерево семейства сосновых с мягкой плоской хвоей и с прямостоящими шишками.	Æнусонцъæх хихджын бæлас нæзы бæлæсты мыггагæй. Йæ хихтæ сты фæлмæн æмæ тъæпæн, йæ гыркъотæ – æмраст.	Æносон цъæх-хехгун бæласæ, нæзи бæлæсти муггагæй. Æ хехтæ æнцæ фæлмæн æма тъæпæн, æ гуркъотæ ба – æмраст.	An evergreen coniferous tree of the Pine family with soft and flat needles and erect cone.
215	**Плакучая ива**	**Донхæрис**	**Донхæрес**	**Weeping willow**
	Дерево со свисающими длинными ветвями.	Даргъ-зæбулкъалиу бæлас.	Даргъ зæболæ къалеутæ бæласæ.	Trees with long thin hanging branches.
216	**Плаун**	**Рувасгæрдæг**	**Робасгæрдæг**	**Club moss, ground pine**
	Род вечнозелёных травяных растений со стелющимися по земле, реже прямыми, стеблями и мелкими листьями.	Æнусонцъæх халхуыз зайæгойты мыггаг. Ис ын зæххыл тыгъд, стæмдæр хатт растзæнг æмæ лыстæг сыфтæ.	Берæанзон, æносон цъæх зайæгой кæрдæг. Æ сифтæ листæг æнцæ, ирæзгæ ба зæнхæбæл бурæгау кæнуй.	A sort of evergreen herbaceous plant with procumbent, seldom erect and small leaves.


220


218


219


217

217	**Плющ**	**Дзæгъæлдзу**	**Дзæгъæлдзо**	**Ivy**
	Род растений. Это ползучие кустарники, цепляющиеся своими придаточными корнями за стены, стволы деревьев и пр.	Зайæгойты хуыз. Сты хилаг къутæртæ, сæ уæлæмхасæн уидæгтæй сæхи ныффидар кæнынц къултыл, бæлæсты хъæдтыл æмæ æнд.	Зайæгойти хузæ. Æнцæ бургæ къотæртæ, сæ едагæ бенцъутæй сæхе ниффедар кæнунцæ, фæрстæ, бæлæсти зæнгитæ æма æндæртæбæл.	A sort of creeping shrubs that clings to walls, trees, etc. by its adventitious roots.
218	**Подберёзовик**	**Бæрзбынызокъо**	**Къоппасæр**	**Brown cap boletus**
	Съедобный трубчатый гриб с коричнево-чёрной шляпкой.	Хæрынæнбæзгæ хæтæлзæнг зокъо, йæ сæр – тар-морæ.	Сау-мора къоппасæр, хуæрунмæ бæзгæ зокъо.	Edible tubular mushroom with brownish-black cap.
219	**Подорожник**	**Дугъысыф**	**Ногъай сифæ**	**Plantain**
	Многолетняя сорная трава с широкими листьями и мелкими цветками, собранными в колос, растущая преимущественно около дорог.	Бирæазон фæтæнсыф хæмпæлгæрдæг. Йæ лыстæг дидинджытæ сты æфсирæмбырд. Зайы фылдæр фæндæгты былгæрæтты.	Берæанзон, фæтæнсифæ хæмпæлгæрдæг. Арæхдæр зайуй нади билтæбæл. Æ листæг деденгутæ æфсерæмбурд æнцæ.	A perennial roadside weed grass with broad leaves and small flowers gathered in ears.
220	**Подосиновик**	**Сырх зокъо**	**Сурхкъоппа**	**Orange cap boletus**
	Съедобный трубчатый гриб с красной или коричнево-красной шляпкой.	Хæрынæнбæзгæ хæтæлзæнг зокъо, йæ сæр – сырх кæнæ морæ-сырх.	Сурх кенæ сурх-мора къоппасæр, хуæрунмæ бæзгæ зокъо.	Edible tubular mushroom with brownish-red cap.


223


224


221


222

221	**Подснежник**	**Малусæг**	**Дзæкъолон**	**Snowdrop**
	Лесной цветок, обычно с белыми или голубыми цветками, распускающимися сразу после таяния снега.	Урс кæнæ æрвхуыздидин хъæды зайæг дидинæг. Мит куы атайы, уæд уайтагъд дидинæг акалы.	Гъæдизайæг деденæг, уорс кенæ æрвхуз деденæг æфтауæг. Мет ратади фæсте æ дзæгæрæг ракалуй.	Wood plants bearing white, bell-shaped flowers that blossom at the end of winter, immediately after snow melts.
222	**Подсолнечник**	**Хурмæзил, æхсынæн**	**Сонхура**	**Sunflower**
	Однолетнее растение с высоким толстым стеблем и крупным жёлтым цветком, заполненным семенами, богатым маслом.	Иуазон бæрзонд æмæ ставдзæнг зайæгой. Йæ дидинæг у стыр æмæ бур, сойджын нæмгуытæй дзаг.	Еуанзон, бæрзонд æма ставдзæнгæ зайæгой. Æ деденæг æй устур бор, сойнæгун нæмгутæй (семуцкитæй) идзаг.	An annual plant with high thick stem and large yellow flower, full of seeds, that is rich in oil.
223	**Полынь**	**Скъæлдзой**	**Мастгæрдæг**	**Wormwood**
	Многолетнее травянистое растение или полукустарник с мелкими корзинками цветков, с сильным запахом и горьким вкусом.	Бирæазон халхуыз зайæгой кæнæ æрдæгкъутæр. Йæ дидинджытæ зайынц æмбырдæй, сты лыстæг, иумæ æмбырд. Йæ ад – маст, у карздæф.	Берæанзон кæрдæгхалæ зайæгой кæрдæг кенæ къотæргæрдæг. Æ адæ маст æй, тæф ба – карз.	A perennial plant or subshrub with tiny clusters of flowers, having a bitter and strong aroma taste
224	**Помидор**	**Пъæмидор, бадырджан**	**Помидор, бадирдзан**	**Tomato**
	Однолетнее овощное растение семейства паслёновых с сочными округлыми плодами красного (реже жёлтого) цвета.	Иуазон халсарджын зайæгой, паслёнонты мыггагæй. Йæ халсартæ сты донджын, тымбыл æмæ сырх (стæмдæр хатт – бур).	Еуанзон халсаргун зайæгой, пасленти муггагæй. Зайуй ибæл донгун, сурх (æстæндæр – бор) халсартæ.	An annual plant from the Solanaceae family with juicy round, flattened fruit of a red or seldom yellow colour.



226


228


225


227

225	**Портулак**	**Портулак**	**Портулак**	**Purslane, portulaca**
	Однолетнее травянистое растение.	Иуазон халхуыз зайæгой.	Еуанзон кæрдæгхалæ зайæгой.	An annual herbaceous plant.
226	**Порховка**	**Пархoвкæ**	**Пархoвкæ**	**Bovista**
	Род грибов шаровидной формы. Созревший плод открепляется от тяжа и свободно переносится ветром. Некоторые съедобны.	Зокъоты хуыз, сæ формæ – шары хуызæн. Куы сцæттæ вæййы, уæд йæ бындзæфхадæй феуæгъд вæййы æмæ йæ дымгæ ахæссы. Иуæй-иутæ дзы сты хæрынæнбæзгæ.	Зокъоти хузæ. Æ форми конд шари хузæн тумбул æй. Ку исцæттæ уй, уæд æ бундзæфхадæй исуæгъдæ уй æма æй дунгæ фæххæссуй. Еуæй-еуетæ си хуæрунмæ бæззунцæ.	A sort of spheroidal mushrooms. The pipe foetus unsticks from the plant and is freely carried by the wind. Some of them are edible.
227	**Пролеска**	**Цъæх малусæг**	**Дзæкъолон**	**Bluebell**
	Луковичное растение из семейства лилейных, подснежник.	Бынджын зайæгой хъоппæгонты мыггагæй, малусæг.	Едагбун зайæгой, хъопбæгъти муггагæй, дзæкъолон.	A bulbous flowering plant from the Hyacinthoides family, akin to snowdrop.
228	**Просо**	**Еуу**	**Магар**	**Millet, panic grass**
	Растение, хлебный злак, из зёрен которого получают пшено.	Хорджын æфсиргæрдæг, йæ нæмгуытæй йын кæнынц касаг.	Хуаргун, æфсергæрдæг зайæгой. Æ нæмгутæй (хуарæй) ин серæ кæнунцæ.	A small-grained annual cereal plant which is used for making millet.


230


231


232


229

229	**Прострел раскрытый**	**Гом прострел**	**Игон прострел**	**Pasqueflower, wild flower**
	Многолетнее травянистое растение. Весьма декоративное растение как при цветении, так и в плодах.	Бирæазон халхуыз зайæгой. У декоративон, куыд дидинæг калгæйæ, афтæ йæ дыргътимæ дæр.	Берæанзон кæрдæгхалæ зайæгой. Куд дзæгæрæг калгæй, уотæ рæзи хæццæ дæр æй федауцæ декоративон зайæгой.	A perennial herbaceous plant. Rather decorative both in blossom and in fetus.
230	**Пузырчатка**	**Къуыллыфгæрдæг**	**Цадгæрдæг**	**Bladder-wort**
	Многолетнее травянистое растение, лишённое корней, плавающее в воде.	Бирæазон æнæуидаг кæрдæгхал зайæгой. Рæзы доны уæлцъар.	Берæанзон, æнæедагæ кæрдæгхалæ зайæгой. Лæугæ дони уæлцъарæ ирæзуй.	A perennial herbaceous plant without root that floats on water.
231	**Пушица**	**Пушицæ**	**Пушицæ**	**Cotton grass**
	Род многолетних травянистых болотных растений. Листья – линейные, цветки образуют колосья.	Цъымарайы зайæг бирæазон кæрдæгхал зайæгойты мыггаг. Йæ сыфтæ – дæргъæццон, дидинджытæ – æфсирæмбырд.	Цъифдзасти зайæг берæанзон кæрдæгхалæ зайæгойти муг-гаг. Æ сифтæ – дæргъеццон, деденгутæ ба – æфсерæвæрд.	A sort of perennial herbaceous swampy plants. The leaves are linear, the flowers form ears.
232	**Пшеница**	**Мæнæу**	**Мæнæуæ**	**Wheat**
	Хлебный злак, а также зёрна его, из которых приготавливают белую муку.	Хорджын æфсиргæрдæг, стæй йæ нæмгуытæ, кæнынц дзы урс дзулладжы ссад.	Хуаргун æфсергæрдæг зайæгой уæдта æ нæмгутæ, кæнунцæ си уорс дзоллаг инсад.	A cereal. Its grains yield white flour.


233


236


235


234

233	**Пырей**	**Цъиахгæрдæг**	**Æхснадгæрдæг**	**Couch grass, quack grass, wheatgrass**
	Род растений из семейства злаков, разводимых на корм скоту.	Зайæгойты хуыз æфсирджынты мыггагæй. Садзынц æй фосæн холлагæн.	Æфсергæрдæгути муггагæй зайæгой. Фонси хуаллагæн æй таунцæ.	Sort of grass of the Cereal family grown as forage for cattle.
234	**Ракитник**	**Æрцхъæд**	**Æрцгъæдæ, ракитник**	**Broom**
